КъБР-м и Къэралыгъуэм и махуэщ

КъБР-м и Конституцэм и махуэщ

ФокІадэм и 1-р

Щэныгъэхэм я махуэщ

Налшык къалэм и махуэщ

ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

КъБР-м и ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

№№168-169 (22.577) • 2013 гъэм шыщхьэуІум (августым) и 31,щэбэт • ТхЬэмахуэм тхуэ къыдокІ • И уасэр соми 6-щ • adyghe@mail.ru adyghepile.ru

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Къэралыгъуэр илъэс 92-рэ зэрырикъуэ и щІыхькІэ КъБР-м и Іэтащхьэ Къанокъуэ Арсен цІыхухэм

ЗЭРЫЗАХУИГЪАЗЭР

Си хэкуэгъу лъапІэхэ!

Лъэпкъ куэду зэхэт зи цІыхубэм пщэдей ягъэлъапІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Къэралыгъуэр илъэс 92-рэ зэрырикъуэ.

Адыгэ, балъкъэр лъэпкъхэм езыхэм я къэралыгъуэ яІэным щІэхъуэпсу илъэс куэдкІэ кьеКІуэКІащ. Ауэ а мурадыр ипэжыпІэкІэ къащхьэулІар XX лІэщЫгъуэм и пэщІэдзэрщ. Тхыдэм и дежкІэ икъукІэ кІэщІ а лъэхъэнэм кьриубыдэу Къэбэрдей-Балъкъэрым гъэзэгуанэшхуэ икІуащ езым и политикэ, экономикэ, щэнхабзэ зыужьыныгъэм хуэунэтІауэ. Нобэ ди республикэр Урысей Федерацэм хуитыныгъэкІэ зэхуэдэ и субъектхэм ящыщщ. Абы экономикэ, щІэныгъэ, зэхэщІыкІ я лъэныкъуэкІэ зэфІэкІышхуэ бгъэдэлъщ икІи демократие хабзэхэр щытепщэ иджырей къэралыгъуэ ухэным хуэдизэ. Къэбэрдей-Балъкъэрыр езыхэр щалъхуа унагъуэу къэзылыгъэ лъэпкъ псоми къьхэІахэм я сэбэнхэр къэлыгъэныгъэ дэ едгъэкІуэкІ къэралгъэпсэ политикэм и мурад нэхъыщхьэ дыдэр. Дэ адэкІи дыхуэсакьыу тхьэмэнущ лъэпкъхэм яку дэлъ зэхуэдитыкІэ тэмэмыр.

ДызыхуэкІуэ илъэсхэм экономикэм зэпІэзэрыту зиужьынущ икІи ар и лъабжьэ щІыхуэм я псэуКІэрефІэкІуэнущ. Дэ ди мурадщ псэуКІэм и фІагъыр нэрылъагъуэу къэтІэтыну. Щэч кьытесхьэркъым зыхуэдгъэувыжа мурадхэр кьыгъэрыдэхъулІэнум, Къэбэрдей-Балъкъэрым и щІыхубэри Урысей Федерацэм ис зэкъуэш лъэпкъхэм ящІыгъуу мамырыгъэмрэ социальнэ зыужьныгъэмрэ я гъэзэгуманэкІи ІЫ дыдэкІэ зэрытетынум.

Къэбэрдей-Балъкъэрым исхэм мазэхэшхэмкІэ - Республикэм и махуэмкІэ - си гуапэу сохьэухьу икІи мамырыгъэ, фІыгъуэ,efІэкІуэныгъэ яІэну си гуапэщ.

Щ.Хабзэ Нэхъыщхьэ

Ди псэукІэм и гъуазэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым и къэралыгъуэм и гугъу щытщІкІэ, фІэкІыпІэ имыІэу къэдгъэльэгъуэн хуейщ абы и джэлэсыр - республикэм и Конституцэр.

СОВЕТ властырыщ япэ дыдэу Конституцэ адыгэхэмрэ балъкъэрхэмрэ кьахуэзыхьар. Властым и къудамищыр - хабзэубзыху, гъэзэщІакІуэ, суд ІэнатІэхэу зэщІэзыщІзыгъэкІ Хабзэ Нэхъыщхьэ Къэбэрдей-Балъкъэрым иІэ хъуащ и къэралыгъуэр республикэ мыхьэнэм нэс щыдэкІуея 1936 гъэм. Абы щыгъуэ кьащта «Сталин Конституцэм» (апхуэдэу ар тхыдэм кьыхэнащ) ипкъ иткІэ япэ дыдэу хахащ республикэм и Совет Нэхъыщхьэр, Правительствэм и УнафэщІыр, нэгъуэщІхэри.

Апхуэдэ щытыкІэм зихьуэжакьым СССР-м и Конституцэм кьыдэкІуэу, КъБАССР-м ейри щІэуэ зэрахьуэкІа иужькІи.

Хэбгъэзыхьмэ, 1997 гъэм дыгъэгъаазэм и 12-м Къэбэрдей-Балъкъэрым и Конституцэ Іэ щІэатэм республикэм и зэфІэкІымрэ и щІэмрэ зэхьэрыкьыІэт хуэщІ. Абы нэхъ кьыщІихуат «Суверенитетхэм я параду» тхыдэм кьыхэнам. Фигу къэдгъэкІыжыщІ, а зэманым Урысейм и щІыналъэхэр хущІэкъуэрт федералъ унафэщІхэм Імал зэрелъэІу власть нэхъыбэ кьыІэщІагъэкІыну. Ауэ зэманым кьинагъэльэгъуащ апхуэдэ кьыфІэщІыныгъэм зыри кьыІэримыкІыр, абы, уеблэмэ я зэран кьыхэзекІыр. «Суверенитет» псальэр езэгъыртэкъым зэрыщыту Урысей Федерацэм и Конституцэм. Абы кьыхэкІыу, ди республикэр Хабзэ Нэхъыщхьэм кьыщагъэльэгъуащ «Урысей Федерацэм хэт демократие хабзэрыплажьэ къэралу».

Мыбы зы дэкъуэзныгъэ гуэри эхьэтэкъым: ищхьэмкІи ильабжьэмкІи фІыуэ я кьащІагурыІуэрт, адреИхэмэ хуэдэу, ди республикэмэ суверенэ къэралым и теплъэхэр ирикьуу зэримыІэр. Дэ ди дежкІэ нэхъыщхьэр федералъэ центрымрэ УФ-м и щІыналъэхэмрэ сэбэп пылъу зэдэпэныкъуирщ, зэдэлэжьэнырщ, ди къэрал властым и къудамэхэр зэущхьэщыгъэкІауэ икІи зым адрейр и унафэ щІэмыту щытыныгъ. Ар къэрзынэу кьыхэзэрегъэпэщ нобэ зи махуэр дгъэльапІэ ди Конституцэм.

ШАЛ Мухьэмэд.

Щ.Ныгъэхэм я махуэмрэ гъэ аджэгъуэщІэм зэрыщидзэжьмкІэ школакІуэхэм, студентхэм, егъэджакІуэхэм кьыІэрехьуэхъу телеграммэ КъБР-м и Іэтащхьэ Кьанокъуэ Арсен и цІэкІэ кьигъэхьащ Урысей Федерацэм и Къэрал Думэм и УнафэщІым и къуэдзэ, «ЩІэныгъэ» зыгухьэныгъэм и президент Швецовэ Людмилэ.

«Урысейм и унагъуэ мелуанхэм я дежкІэ мыр махуэ хэхащ, гугъапІэщІэхэр кьЫзыгъэуш, кьэкІуэнум тещІыхьэ мурадхэр щыбгъэхьку махуэщ. Хэкум щыІэтеуВа егъэджакІэу зыхуэбгъэдэн щымыІэм и кьарур хьумэнымрэ абы сэбэпыныгъуу кьихьым хэгъэхъуэнымрэ къэрал политикэм и унэтІыныгъэ нэхъыщхьэщ. ЩІэныгъэм и куэдгъэкІуэнур, щІыхум и зэфІэкІхэр кьиГъэсэбэпынымкІэ иІэну Іэмалхэр.

• Хъуэхъу

Узынщагъэ быдэ, насыпыфІэнуу!

Урысейм и «ЩІэныгъэ» зыгухьэныгъэм кьыбгъэдэкІыу фІыщІэ хэха яхуэсщІыну сыхуэфащ я къэруми зэманми емыблэжу егъэджэныгъэм и Іэнатіэм пэрытхэр икІи къэралым и щыху нэсхэр зэрыщІэхьэ.

Си гуми си псэми къабгъэдэкІыу сынывохьэхъу, си ныбжьэгъу �ащІэ, узынщагъэ быдэ, насыпыкъуІэнигъэ, гуапагъэ фІиэну!», - итщ телеграммэм.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапли.

Мы махуэхэм

ЩыщхьэуІум и 31, щэбэт

◆Къыргызэ Республикэм и лъэпкъ махуэщхэщ - къэрал щхьэхуэ щыхьуар (1991 гъэ) егъэльапІэ.

◆1914 гъэм Санкт-Петербург кьалэм и цІэр Петроград зэрахьэкІащ.

◆1971 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым Октябрь РеволюцІэ орденыр кьаратащ.

◆ЩыщхьэуІум и 31 - фокІадэм и 4-хэм Амстердам (Нидерландхэм) щызэхэтыныгъ гу дохутырхэм я европэ зэгухьэныгъэм и дунейпсо конгресс.

◆АР-м щІыхь зиІэ и сурэтыщІ **Иуан Асльэн** къызэралъхурэ илъэс 85-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэрытемкІэ, Налшык пшэщытелынущ, уэшх кьыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 25 - 28-рэ, жэщым градус 18 - 21-рэ щыхъунущ.

ФокІадэм и 1, тхьэмахуэ

◆Мамырыгъэр хьумэным и дунейпсо махуэщ

◆Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Къэралыгъуэм и махуэщ

◆Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и махуэщ

◆Налшык кьалэ и махуэщ

◆ЩІэныгъэхэм я махуэщ - гъэ аджэгъуэщІэм зэрыщидзэжьмкІэ щколакІуэхэм, студентхэм, егъэджакІуэхэм кьыІэрехьуэхъу телеграммэ КъБР-м и Іэтащхьэ Кьанокъуэ Арсен и цІэкІэ кьигъэхьащ Урысей Федерацэм и Къэрал Думэм и УнафэщІым и къуэдзэ, «ЩІэныгъэ» зыгухьэныгъэм и президент Швецовэ Людмилэ.

◆Щыщхьэ Іуэрыгъэ Іуащ - къэрал щхьэхуэ щыхьуар (1991 гъэ) егъэльапІэ.

◆1914 гъэм Санкт-Петербург кьалэм и цІэр Петроград зэрахьэкІащ.

◆1971 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым Октябрь РеволюцІэ орденыр кьаратащ.

◆ЩыщхьэуІум и 31 - фокІадэм и 4-хэм Амстердам (Нидерландхэм) щызэхэтыныгъ гу дохутырхэм я европэ зэгухьэныгъэм и дунейпсо конгресс.

◆АР-м щІыхь зиІэ и сурэтыщІ Иуан Асльэн къызэралъхурэ илъэс 85-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэрытемкІэ, Налшык пшэщытелынущ, уэшх кьыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 25 - 28-рэ, жэщым градус 18 - 21-рэ щыхъунущ.

ФокІадэм и 1, блыщхьэ

◆ЕтІуанэ дунейпсо зауэр щыхуа махуэщ. 1945 гъэм фокІадэм и 2-м Іэ тралдащ Японием ІэщхьІэ зэщІэуэзда и кьаруэхэм зэрызатэм теухуа актым.

◆Урысей гвардием и махуэщ

◆Полицэм и пльыр-пост Іэнатіэм зыщыщІэрагъэпсэна махуэщ

◆Вьетнам Социалист Республикэм и лъэнкъ махуэщ-хуэщ - щхьэхуит щыхьуар егъэльапІэ.

◆Ди пэрмэ и пэкІэ 490 гъэм пасэрей алыдж зауэлІ Фитипид алыджкэр персхэм зэратекІуам и хьыбарыр и хэкуэгъуэхэм яригъэщІэн папщІэ марафон кьалэм кьыщыщІэдзауэ Афинэ щІыналъэм сыхьэ - километр 42-рэ метрри 195-рэ - гъуэгуанэр кьижауэ щытащ. Абы и щыхькІэ марафон кьыхэдэжкІэр Олимп Джэгуэхэм хагъэхьащ.

◆1943 гъэм Кьанкъуэщ Ахьмэдхан Совет Союзым и Щыхьэж щІэр кьыфІащащ. ФокІадэм и 2 - 13-хэм Женевэ (Швейцарие) и щекІуэкІынущ ООН-м Нькъуэдыкъуэхэм я хуитныныгъэхэмкІэ и комитетым и Х сессиер.

◆Сурэтыщі-живописец Ерэзэн Исуф и ныбжьыр илъэс 66-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэрытемкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ, уэшх тІэкІу кьыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 19 - 24-рэ, жэщым градус 17 - 20 щыхъунущ.

Мы хьэхьэмрэр **ЖЪЭКІЭМЫХЬУ Мариэм.**

Льэпкъ Іущыгъэ:

Адэ мылъку бынгъэкІуэдщ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым егъэлъапІэ и Къэралыгъуэр илъэс 92-рэ зэрырикъуэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ Кьанокъуэ Арсен жеІэ:

- Иджыпсту хэкІыпІэ псори диІэщ сыт хуэдэ зэрыныгъэмкІи ятэмэ тегушхуауэ дыкІуэтэн папщІэ. Ильэс зыбжанэ льандэрэ Къэбэрдей-Балъкъэрым тэмэму щагъэзащІэ экономикэм зегъэужьыныкъэ щыхуэкъэ и псэуКІэр егъэфІэужьымрэ ехьэлІа кьалэнхэр. Ди республикэр илъэс Іеджэ льандэрэ щІэрыуэщ и лэжьакІуэхэмкІэ, Іэнатіэхэм я кьыззэгъэпэщакІуэ ІэкіуэльакіуэхэмкІэ, егъэджакІуэхэмрэ дохутырхэмкІэ, творческэ интеллигенцэм и лІыкІуэ гъуэзэджэхэмкІэ, политик, жылагъуэ, дин лэжьакІуэ хэІэтыкІахэмкІэ, спортсмен льэщхэмрэ кьызэрымыкІуэ зэфІэкІ зыбгъэдэлъ щалэрэгъуэхэмкІэ. Абы кьыхэкІыу ди гъуэгур пыуухьакІауэ удзыхуащ - ар зыужьныгъэмрэ щалъхуэ хэкум и фІыгъуэмрэ ятелъэжьынкІэ.

Щэч кьытесхьэркъым кьэкІуэну зэман дахэм дыхуэзышэ гъуэгум дызэщІыгъуу дрикІуэрэ, дэ сыт хуэдэ льэпощхьэпон кьызэрызэдпэнэкІыфынум. Апхуэдэ фІыгъуэшхуэр хьумэнымрэ гъэбэгъуэнымрэ, ди зэкъуэтэныныгъэр гъэбыдэныр, Къэбэрдей-Балъкъэрым и щІыхубэм я зэфІэкІыр кьэзэтынныр ди кьалэн нэхъыщхьэу кьызэлъытэ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым ис псоми сохьэухьу Республикэм и махуэмкІэ. Дэтхэнэ льапсэмэ мамырыгъэрэ зэгурыІуэныгъэрэ ильыну, дэтхэнэ унагъуэмэ узышагъэ, насып, efІэкІуэныгъэ яІэну си гуапэщ!

ХьугъуэфІыгъуэхэм я щІыналъэ

КЪЭБЭРДЕЙ-Балъкъэрым и щІыльэр къуелейщ, ар ди щІыхуэхэм яхуэІуэ-махуэщ. Ди щІыльэр бэвыгъэм кьыхуигъэщІащ. Мэжьымэщ Іэнатіэм республикэм исхэм я нэхъыбапІэр епхауэ кьекІуэкІащ, иджыри абы щыху куэд щолажьэ. 2012 гъэм и кІэуухьм ирихьэлІэу республикэм мэкъумэщ Іуэхущапіэу мини 8-м нэблагъэ, уней льапсэу мини 115-м щІигъу щыІащ. Къэгъэльэгъуапхэщ а гъэм мэкъумэщ продукцэм и зэхуэдитІым нэблагъэр уней льапсэхэм кьызэрыщІалэжьар.

Къэралым и дэлэныкъуныгъэр ильэситхум кьриубыдэу хуэдитхуІэ (сом мелард 0,5-м щегъэжьауэ сом мелард 2,5-м нэскІэ) нэхъыбэ зэрыхьуам и фІыщІэкІэ республикэм и мэкъумэщышхэмрэ Іуащхьэмрэ я зэфІэкІым нэрылъагъуу хагъэхьауащ. Зэрыщыту кьапщтэмэ, 2013 гъэм республикэм мэкъумэщ продукцэу сом мелард 30-м нэблагъэ и уасэ е 2008 гъэм ельытауэ хуэдэ 1,5-кІэ нэхъыбэ кьыщрахьэлІащ.

Къэралым и кьалэхэмрэ щІыналъэхэмрэ я экологиер Дыкъэзыухъурейхъ щІыуэпсыр хъумэным и илъэсым ирагъэфІэкІуэн папщІэ ирагъэкІуэкІ лэжьыгъэм хьыхьэнурэ, Налшык кьалэ округым 2013 гъэм щыщхьэуІум и 31-м щрагъэкІуэкІыну «Урысей щхьэунтІэ» щэбэт щІыхьэхур. Абы хэтынущ кьалэ адэминистрацэмрэ я щІыналъэ и унафэм щІэт Іуэхущапіэхэмрэ я лэжьакІуэхэр, къэралыгъэ щІыналъэхэмрэ я щІыналъэхэмрэ я щІыналъэхэмрэ я

Къэбэрдей-Балъкъэрым егъэлъапІэ и Къэралыгъуэр илъэс 92-рэ зэрырикъур

(КІэухыр. ПэщІэдзэр 1-нэ напэм).

Зыужьыныгъэм и унэтІыныгъэ нэхъыщхьэхэр

ИЛЬЭСИТХУМ КЪРИУБЫДЭУ (2008 - 2013 ГЪЭХЭМ) КЪЭБЭРДЕЙ-БАЛЪКЪЭРЫМ ТЕЩІЫХЬЫГЪЭ ЗЭРЫЗЫІИХЬУЭЖАР

Къалъхуэхэм я бжыгъэр

2008 ГЪЭМ ельытауэ 2012 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым сабийуэ процент 13-кІэ нэхъыбэ къыщалъхуащ. Абы къыдэкІуэу, республикэм и дохутырхэм къаруушхуэ ирахьалІэ сабий цІынэу лІэжкэр нэхъ мащІэ щыІным. Иужьрей ильэситхум теущыхьауэ нэхъыбэ - сабий 13721-рэ - 2012 гъэм республикэм къыщалъхуащ. Абы къыдэкІуэу, Къэбэрдей-Балъкъэрым кьалэну щагъэуващ 2014 гъэм фокІадзэм и 1-м ирихьалІэу сабий садхэм яхуэныкьуэу псори нэсу кьыз зэрагъэпэщыну.

Цыхуэхэм я лэжьапщІэр

ИКУ ИТУ лэжьапщІэм ильэситхум хуэдитІым нэблагъэкІэ хэхьуащ. Нэхъ псынщІэжу, хуэди 2,5-кІэ кьаІэтащ бюджет ІэнатІэхэм я лэжьакІуэхэм я улахуэр. 2013-2016 гъэхэм крыубыдэу социальнэ ІэнатІэм икІу иту щат улахуэри хуэди 2,3-кІэ нэхъыбэ ящІынурэ, ар республикэм ику иту кьыщалэжьым льэщІагъэхьэнущ.

ПсэупІэщІэхэр

ИЛЬЭСИТХУМ кьриубыдэу хьэзыр ящІа псэупІэхэр метр зэбгъэзэнатІэ зы мелуанрэ мин 321,9-рэ мэхьу. ПсэупІэу ящІым кІуэтэху хагъахьуэ. 2012 гъэм республикэм псэупІэ метр зэбгъэзэнатІэ мин 281,8-рэ, ильэситху ящкІэ зэрыщытам ельытауэ процент 18,9-кІэ нэхъыбэ, хьэзыр ящІащ. «2013 гъэм нэсыху кьуажэм игъуэтыну социальнэ зыужьыныгъэр» программэм ипкъ иткІэ, кьуажэдэс унагъуэу 1125-м я псэупІэхэр ирагъэфІэкІуащ.

Социальнэ ухуэныгъэхэр

ИЛЬЭСИТХУМ кьриубыдэу Къэбэрдей-Балъкъэрым хьэзыр щащІащ щэнхабзэ унэу 8, школэр сабий садуе 11, сымаджэщу 4, поликлиникэу 2, узынщагъэр щрагъэфІакІуэ - физкультурэ комплексу 2. Апхуэдэу щІэуэ яухуащ е кьагъэщІэрэщІэжащ коммуналнэ сету километр 300-м нэблагъэ, абыхэм хиубыдэу псы зрикІуэ бжьамийуэ километри 169,6-рэ, газ зрикІуэ бжьамийуэ километр 56,8-рэ, электрокъару зрикІуэ кІапсэу километр 41,6-рэ, псы фІей зэрыщІаш бжьамийуэ километр 27,8-рэ.

Мэкъумэш хозяйствэр

2008-2012 ГЪЭХЭМ жыг хадэ зэмылІэужьыгъуэу гектар мини 5,5-рэ (Урысейм щынэхьыфІ бжыгъэщ), абыхэм ящыщу гектар мини 2-м щІигъур псынщІэу кьызыпыкІэ жыг хадэу, гектар мин 1,2-р жьзым хадэу, хасац. Иужьрей ильэситым гектари 125-м питомникхэр кьыщызэрагъэпэщащи, абыхэм псынщІэу кьызыпыкІэ жыг хадэхэм папщІэ гъэ кьэс жыгыщІэу мелуани 3-м нэс щагъэкІынущ.

Ерыскъыпхъэу ягъэхьэзырыр

ИЛЬЭСИТХУМ кьриубыдэу республикэм сырьем елэжь и промышленностым и продукцэр хуэди 3-кІэ нэхъыбэ хьуащ. 2008 гъэм КъБР-м кьыщалэжьа хьэпшыпу сом меларди 7,3-рэ и уасэ нэгъуэщІ щІыналъэхэм ирагъэщащ. БлэкІа ильэсым ерыскъыхэкІэм елэжь промышленностым хиубыдэ Іуэхущапіэхэм кьыщалэжьауэ ящащ сом мелард 21,7-рэ и уасэ.

Зи цІэр жьжьэ щызыгъэІуахэр

ЛЬЭПКЪ КЪАФЭМКІЭ

БАХЬСЭН районым хыхьэ Куба кьуажэм щыщ Дыщэкі Софье Италием щыщ Палермэ кьалэм щрагъэкІуэкІа «VIVA IL TALENTO» («ИугьашІэ зэччим») дунейпсо зэпеуэ-фестивалым щытекІуащ. Софье ильэс зыбжанэ льандэрэ льэпкъ кьафэм зыхуегъасэ. Италием абы кьыщратащ «Приз хэха», «Дебют» номинацэхэмкІэ дипломхэмрэ фэепль кубокрэ. КІэух концертышхуэм хэтахэм ящыщу Софье нэхъыфІ дыдэу зыкьыгъэльэгъуауэ кьалытащ.

ИДЖЫРЕЙ КЪАФЭМКІЭ

АФІЭУНЭ Чьантемир, Чурей Сосрыкьуэ, Уэтэр Артур сымэ брейк-дансым зэдыхэтщ. А гупым я зэфІэкІыр щагъэльэгъуащ Танзаниемэ и кьалащхьэ Дар-эс-Салам кьалэм 2012 гъэм жэпуэтьуэм и 1-10-хэм кьафэмкІэ щекІуэкІа «Visa2Dance» дунейпсо фестивалым. Мы гупыр щызэхьхьар 2004 гъэрщ, ауэ абы льандэрэ кьэфакІуэхэм я чемпионат куэдым, BASCKTADE Fest «Anotomyof Bboys» «Ищхьэрэ зауэ», нэгъуэщІхэми щытекІуащ икІи Урысейм и гуп нэхъ льэщ дыдэхэм ящыщ хьуащ. ЩІалэхэм я кьафэхэр иджыдрей макъамэхэм, апхуэдэу льэпкъ макъамэхэм щІэту ягъэзащІэ.

Эстрадэмкіэ

АНИШЕВ Александр щІалэ дыдэщ, Налшык кьалэ гъэзджэхэмкІэ и сабий школ №1-м щеджэу аращ, ауэ «Урысейм и дышэ макъэхэр» урысейпсо конкурсым япэ нагьыщ, лауреат тІэунейрэ щыхьащ, «Дышэ кІанэхэр» урысейпсо конкурсым щытекІуащ, 2013 гъэм ирагъэкІуэкІа «Урысейм и цІыху зэчиифІэхэм я зэкъуэтынгъэ» XIII дунейпсо фестивалым «Эстрадэ уэрэд» номинацэмкІэ щытекІуащ Александр икІи апэ нагьыщэ дипломымрэ саугъэт хэхэрэ кьратащ.

Уэрэд гъуэзджэмкІэ

АПЭНЭС Астемыр 1989 гъэм Налшык кьалэм кьыщалъхуащ. Театр гъуэзджэмкІэ Москва дэт институтыр кьиухащ, абы зэрыщеджэм уэрэдыр я концерт лэжьыгъэ иригъэкІуэкІащ, спектаклхэм хэтащ. Абы роль пыухыкІахэр театрхэм щагъэува спектаклхэм, мюзиклхэм, кином щигъэзэщІащ, телевиденэм и программэхэр иригъэкІуэкІащ.

Цыхубэ Іэщ1агъэхэмкІэ

ТЫРНЫАУЗ щыщ Мокаевэ-Текуевэ Динэ балькъэрхэм я пасэрей Іэщ1агъэхэр кьыдэхьыжьым толажьэ. Абы зыхуэбгъэдэн щымыІэ тхьипхъэщІыпхъэхэр зыстет упщІэхэр егъапщІэ. Динэ Урал кьэрал университетыр «дизайнер-педагог» Іэщ1агъэмкІэ кьиухащ. Иджыпсту ар балькъэр упщІэхэр гъэпщІнымкІэ нэхъ Іэкъуэльакъуэ дыдэхэм хабжэ, «Къэбэрдей-Балькъэрым и махуэхэр - Москва кьалэм» гъэльэгъуэныгъэм хэтащ. Абы и лэжьыгъэхэр Италиемрэ Франджымрэ утыку кьыщрихьащ.

Живописымрэ прикладной гъуэзджэмкІэ

ЧАЙКОВСКАЯ Линэ щэнхабзэмрэ гъуэзджэмкІэ Налшык дэт еджапІэр кьиухащ. Абы щыгъэмрэ абджымрэ хьэпшыпэ гъэщІэгъуэнхэр кьыхеощІыкІ. Линэ хэтащ Налшык щекІуэкІа «Флора-электро», Санкт-Петербург щекІуэкІа «Гъатхэм и Іубахъ» гъэльэгъуэныгъэхэм. Илъэкыпэкіэ тельыджэ зашІэу щытащ абы Санкт-Петербург кьыщызэрагъэпэща выставкэм утыку кьыщрихьа хьэпшып псорн.

Спортымкіэ

ПХЪЭШЫКЪУМ ЩХЬЭПРЫЛЬЫНЫМКІЭ

КУЧИНЭ Марие пхъэшыкъум щхьэпрыльынымкІэ спортым и дунейпсо класс зиІэ мастерщ, Урысейм и комендэ хэхам хэтщ. 2009 гъэм апэ зыдэу дыжьым медалыр кьыщихащ Италием щыщ Бриксен кьалэм щрагъэкІуэкІа, ныбжьыщІэхэм я дунейпсо чемпионатым. 2010 гъэм Марие ЩІалэгъуэлэ Олимп Джэгухэм щытекІуащ, 2011 гъэм ныбжьыщІэхэм Европэм пашэныгъэр кьыщыхьыныкІэ ирагъэкІуэкІа чемпионатым дыщэ медальр кьыщихьащ. 2013 гъэм Марие етІуанэ уяыпІэр щигубыдащ Къэзан щрагъэкІуэкІа Гъэмахуэ Универсиадэм.

АЛЫДЖ-УРЫМ БЭНЭКІЭМКІЭ

ИЛЬЭС 20 фІэкІа мыхьуа Къуэдзокьуэ Сосрыкьуэ спортымкІэ дунейпсо класс зиІэ мастерщ, алыдж-урым бэнэкІэмкІэ Урысейм и командэ кьыхэхам хэтщ. 2012 гъэм Сосрыкьуэ Урысейм пашэныгъэр кьыщыхьыныкІэ зэхьэзэхуэм зи хьэльагъыр килограмм 84-рэ и дежи дыщэ медальр кьыщихьащ. А гъэ дыдэм, Европэм и щІалэгъуалэ чемпионатым къэралым и командэ кьыхэхам хэту кІуащ икІи абы щытекІуащ. Ерыщу, емыязшыжу зэрызигъэхьэзырам и фІыщІэкІэ, Сосрыкьуэ апхуэдэу щытекІуащ ныбжьыщІэхэм я дунейпсо чемпионату Болгариием и кьалащхьэ Софие щекІуэкІам. Иджы дыдэ ар алыдж-урым бэнэкІэмкІэ дунейпсо чемпион хьуащ.

ЩІэныгъэлІ щІалэ

НАЛШЫК кьалэм дэт курыт школ №9-м щеджэ Бжьыней Ислъам «Хьэрш» щІыналъэ конкурсым щытекІуащ, УФ-м и Президентым и саугъэтым и лауреат хьуащ. Абы и щэныгъэ-кьхэутэныгъэхэр теухуащ нанотехнологиехэмрэ астрофизикэмрэ. Абы ильэс зыбжанэ хьуауэ егъэхьэзыр дыгъэм и кьарур кьэгъэсэбэныныр, математикэ моделхэр зэхэлъхьэныр зи лъабжьэ проектыр. 2013 гъэм Ислъам щытекІуащ Урысейм рэ Белоруссиемрэ я кьэралыгъуэ зэгуэтым я еджакІуэхэм я щІэныгъэ-техникэ творчествэмкІэ конкурсым.

Иджырей щыгъныгъуэхэр егъэльагъуэ

НАЛШЫК щыщ Гуо Назимэ хэтащ иджырей щыгъныгъуэхэр гъэльэгъуэныкІэ Москва и Манежым щекІуэкІа зыхьыхьэшхэм. Адыгэ хьыджкэбэ ныбжьыщІэм утыку кьрихьащ Белоруссием щыщ дизайнер щІэрыпу Цокаленкэ Ленэ игъэхьэзыра щыгъныгъэр. Илъэс пщыкІутху зи ныбжь Назимэ утыку кьихьэху, кьызэхуэсахэм абы Іэгуауэ инкэр хуаІэтащ.

Нэгъабэ ар «Кавказ Ищхьэрэм и кутюрье» фІыщІигъэр иІэу Къэбэрдей-Балъкъэрым щрагъэжьащ конкурсым и модель ныбжьыщІэ нэхъыфІ дыдэу кьыщальытащ.

«Аргументы и факты - Северный Кавказ», 2013 гъэ, щыщхьэуІум и 28, №35

● Хъыбар гуапэ

Саугъэт лъапІэр зыхуагъэфащахэр

2012 гъэм кьриубыдэу щэнхабзэм хуащІа хэлъхьэныгъэм папщІэ, УФ-м и Правительствэм и саугъэтхэр зыхуагъэфащахэм зэрыратыжкрэ куэд щІакьым. ГуфІэгъуэ зэІущІэр щекІуэкІащ Урысей Къэрал Академическэ Театр Иным.

- Саугъэтыр фи зэчиим, зыхуэвгъэувыжа мурадхэм ерыщу фызэрызыхуэкІуэм, Урысейм и щэнхабзэ гъэтІылъыгъэхэм фи кьаруурэ зэфІэкІкІэ зэрыхэвгъахьуэм кьапэкІуа тыгъэщ. Нобэ дгъэлапІэ щыхуэр щыналъэ зэхуэмыдэхэм щыщщ: Урысейм и кьалащхьэм щыщІэдзауэ Забайкалемрэ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ нэс. Абы кьеГъапІэу ди кьэралыр зэрыгъэщІэгъуэныр, хуэди зэрыщІымыІэр, - жиІащ саугъэтыр зыхуагъэфащахэм езытыжа, УФ-м щэнхабзэмкІэ и министр Мединский Владимир.

Ди лэжьыгъэ кьалытахэр сурэтыщу, тхакІуэу, композитору, артисту, кином и лэжьакІуэу 47-рэ мэхьу. Ди дежкІэ хьыбар гуапэщ, дыззэрыгушхэнщ абыхэм ящыщу щыхуи 3-р зэрыладыгъэр.

КъБР-м и «Кабардинка» кьэрал академическэ къэфакІуэ гупым и художественнэ унафэщІ Атэбий Игорь саугъэтыр кьратащ зи пашэ ансамблым кьызэригъэпэща «Зэныбжьэгъугъэм и уда гъэгъа» концертым папщІэ. Саугъэт льапІэр хуагъэфащащ сабийхэмрэ ныбжьыщІэхэмрэ я художественнэ лэжьыгъэхэр зытрауХуа «Нартхэм я хьугъуэфІыгъуэ» дунейпсо фестиваль-зэхьэзэхуэм и кьызэгъэпэщакІуэхэм: проектым и унафэщІ Пажь Борис, арт-директор Пажь Альбинэ, апхуэдэуи Льэпкъхэм я унэ Москва дэтым (МДН) и Іэтащхьэ, лэжьыгъэм и унафэщІхэм ящыщ зы Комаров Николай, МДН-м ЩІэнхабзэ лэжьыгъэхэмрэ цыхубэ ІэпщІэльапщІагъэмкІэ и центрым и унафэщІ, «Нартхэм я хьугъуэфІыгъуэ» проектым и гъэльэгъуэныгъэхэр зыгъэхьэзыра Мазиловэ Татьянэ, а центрым эзыщІэхэр зэхэзышІэ и кьудаемэм художественнэ проектхэр пхыгъэкІыныкІэ и секторым и щІэныгъэ лэжьакІуэ Батыровэ Наталье сымэ.

«Нартхэм я хьугъуэфІыгъуэ» фестиваль-зэхьэзэхуэм ди газетым мызэ-мытІэу дыщытепсэльыхьами, иджыри зэ фигу кьэдгъэкІыжыну дыхуейщ ар зэрылэжьыгъэ гъэщІэгъуэныр, ипэкІ апхуэдэ Іуэху зэремыкІуэкІар. Кавказ Ищхьэрэм щыпсэу льэпкъхэм я щэнхабзэ гъэтІылъыгъэ нарт эпосыр, кьапщтэмэ, ди эрэм и пэкІэ яп э лІэщІыгъуэм кьэунэхуа адыгэ льэпкъым и Іуэрыіуатэрщ арт-проектым и кьыззгъэпэщакІуэхэм кьыхахар. 2008 гъэм кьыщыщІэдзауэ 2012 гъэр иухьуну «Нартиада»-м хэтащ Урысейм и щІыналъэ 12-м, Европэм, Азием, Африкэм, Латинскэ Америкэм щыщ кьэрал 22-м щыщэр, льэпкъ зэхуэмыдэу 53-м кьаехьа сабийуэ мини 9-м щигъуэм я Іэдакъэщ1кІ сурэтхэр. Абыхэм ящыщу 457-р зэпеуэм и лауреатщ, цыхху 95-р, творческэ гупу 17-р пашэ хьуахэщ.

«Нартхэм я хьугъуэфІыгъуэ» Іуэхум теухуауэ яІэ еплъыкІэр, Іуэрыіуатэ нэхъыжь дыдэхэм ящыщ нарт хьыбархэм сабийхэр щэпІыкІын зэрыхуейм, абы цыхугъэм, Іущыгъэм, лІыгъэм уэзрыхуигъасэр, льэпкъхэм я зэхуаку дэлъын хуэй зэхущытыкІэр зэрыригъэфІакІуэр, проектым ипкъ иткІэ, кьызэрагъэпэща гъэльэгъуэныгъэхэмрэ щІэныгъэхэмрэ ди щІэблэм куэд кьызэрыратыр, нарт хьыбархэр льабжьэ зыхуэхьу сурэтхэр зыщІ сабийхэм я псэкупсэ кьуленТэр зэрыбагъуэр, нэгъуэщІхэри «Аргументы и факты» газетым щыжаІащ Москва кьалэм и Іэтащхьэм и кьуэдзэм и кьалэнхэр зыгъэзащІэ Горбенкэ Александр, УФ-м и Къэрал Думэм Льэпкъ ІуэхуэхэмкІэ и комитетым и унафэщІ Сафаралиев Гаджимет, ди кьэралым и ЛЫкьужь, УФ-м щыхь зиІэ и кхъухьльатэзехуэ, тхыдэ щІэныгъэхэм я кандидат Толбоев Магомет, Урысейм ЩІэныгъэхэмкІэ и академием этнологиемрэ антропологиемкІэ и институтым и унафэщІ Тишков Валерий, Урысейм и щыхубэ артистхэ, Къэбэрдей-Балькъэрым и Къэрал саугъэтыр зыхуагъэфэща Гъэсашэ Наталье.

Нарт эпосыр адыгэбзэкІэ ильэс 20, урысыбзэкІэ ильэс 30 хьуауэ кьыззэрыдэмыкІар кьалытэри, проектыр кьызэзыгъэпэщащэм я нэІэм щІэту дунейм кьытехьащ зэуэ тхылъитІ: тхакІуэ, Іуэрыіуатэдзэ Къэрмокьуэ Хьэмид сабийхэм папщІэ иТхыжа «Сосрыкьуэ», Кузьмин Валентин и «Сокровище Нартов» жыІуиІэхэр. ГъэщІэгъуэнщ ахэр «Нартхэм я хьугъуэфІыгъуэ» фестивалым щытекІуа сабийхэм я Іэдакъэщ1экІ лэжьыгъэхэмкІэ зэрыгъэщІэрщІар.

ИСТЭПАН Залинэ.

ЗэфІэкІ зиІэхэм къахохъуэ

Щэджэм куейм олимп резервхэр гъэхьэзырынымкІэ и сабий-ныбжьыщІэ спорт школым и гъэсэну 6-м «Урысейм спортымкІэ и мастер» цІэр кьыфІащащ. Абы теухуа унафэм Іэ щІидзащ Урысейм спортымкІэ и министр Мутко Виталий.

СПОРТСМЕНХЭМ спортым и мастерым и мардэхэр урысейпсо мастер зэхьэзэхуэхэм щагъэзэщІащ, екъуІэныгъэфІхэри зыІэрагъэхьащ. КьыщыгъэщІащи, кикбоксер Борсэ Астемыр дунейпсо Кубокым, дунейпсо, Европэ чемпионатхэм щытекІуащ. Бэнакіу э Кіарэ Хьид Урысейм пашэныгъэр кьыщыхьыныкІэ ныбжьыщІэхэм я зэпеуэм жэз медаль кьыщихьащ, ПщышУ Рэмэзан Къэзан кьалэм альдж-урым бэнэкІэмкІэ щекІуэкІа дунейпсо зэхьэзэхуэм бжьыпэр щичыбащ.

КІАРЭ Элинэ.

● Прохладнэ щІыналъэ

МафІэсгъэункІыфІ ІэнатІэщІэ

Прохладнэ кьалэм кьыщызэІуахащ мафІэсгъэункІыфІ ІэнатІэщІэ. Абы и нэІэм щІэтынущ кьалэмрэ Прохладнэ куейм и кьуажэхэмрэ.

УРЫСЕЙ МЧС-м и управленэ нэхъыщхьэ КъБР-м щыІэм и тхьэмадэ полковник Шагин Сергей мафІэсгъэункІыфІ депом и унэщІэм и Іункъыбзэ1ухьр мафІэсгъэм пэщІэтыныкІэ щыпІэ гарнизоным и унафэщІ Мэлыхъэу Заурбэч иритащ.

Іуэхущапіэщ1эр кьыщызэІуахьэм хэтащ Урысей МЧС-м и Кавказ Ищхьэрэ щынапІэ центрым и унафэщІым и кьуэдзэ кьэрал кІуэщІ кьулыкъум и полковник Барсуков Сергей, Прохладнэ муниципалнэ куейм и щІыпІэ администрацэм и тхьэмадэ Ашэбокьуэ Анзор, Прохладнэ кьалэ округым и щІыпІэ администрацэм и унафэщІ Бирюк Александр сымэ.

ГуфІэгъуэр ягъэдзхащ Прохладнэм и кьэфакІуэхэмрэ уэрэджыІакІуэхэмрэ.

ГъэхугъуэгъуэгъэмкІэ кьрихьалІэхэм мафІэсгъэункІыфІ депом и пэшэмрэ я техникэмрэ кьызэхалпхьыащ.

ГЛАШКОВЭ Еленэ.

● ГъэщІэгъуэнщ

Іуащхьэмахуэ макъамэхэр къыщоІу

Европэм щынэхь льагэ дыдэ Іуащхьэмахуэ бгым дакьикъэ 45-кІэ Визбор Юрий, Калинкин Михаил, Юрков Дмитрий сымэ я уэрэдхэр щыІащ.

«ЛЪАГАПІЭХЭМ я макъамэ» Іуэхум и концерт нэхъыщхьэр (кьызэзыгъэпэщар Урысейм щыщІэрыІуэ уэрэджыІакІуэхэу Юрков Дмитрийрэ Калинкин Михаилрэщ) щекІуэкІар Іуащхьэмахуэ и кьухьэпІэ льэныкьуэмкІэщ, метр 5642-рэ льагагъыщ. Хабзэ дахэ хьуауэ, макъамэри спортри зи льабжьэ мы фестивалыр дунейм и льагапІэ зэхуэмыдэхэм щрагъэжьэжьэ.

«СпортымкІэ мыхуэмыху, бгым дэкІыфину музыкантэр ди Іуэхум кьыхьыхьэну хуитщ. Абы щыгъуэми, дэтхэнэми и макъамэ Іэмэпсымэр езым здыдеохьж. Бгым дэкІам Іэмал иІэщ уэрэд жиІэу и кьэралым и ныпыр абдеж щиІэтыну», - жеІэ Калинкиным.

Иджырей концертым хэтыну мурад зышІар цыху 20 хьурт. Абыхэм яхэтт Москва, Санкт-Петербург, Воронеж, Дон Іус Ростов кьалэхэм, Камчаткэ щІыналъэм щыщхэр. Кьэкіуа гупым я нэхьыщІэ дыдэм и ныбжьыр ильэси 4-т зэрыхъур, нэхъыжьыр - 57-рэ ирикъуат.

Цыхуи 9 кьудейщ дэкІар бгым. Музыкантхэм я Іуэху даІыгъуу бгы льапэм щызэхуэсахэри Іуэхуншэ хьуакъым: ауэм, бгыхэм зышщапльыхьащ, бдэзжьеящэ щыІащ.

ТАРИМ Алисэ.

● Телемарафон

ФІы щІэным къыхураджэ

«Восток» кинотеатрым и бжьІупэм дыгъуасэ щекІуэкІащ «Хьуэпсапіэхэр зыдогъэхьулІэ» псапащІэ телемарафон. Ар зэгъусэу кьыззэрагъэпэщащ Налшык кьалэ администрацэм, «Къэбэрдей-Балькъэр» ВТК-м, «ФІы щІэ» республикэ жылагъуэ зэгухьэныгъэм.

АПХУЭДЭУ Іуэху щхьэпэр зыхуэунэтІар сабий зеиншэхэм я гугъуехьхэм республикэм и цІыхухэм я гъэпсыкІ. Ар зэрыщІэлъ, ахэр зыпІыну зэзышІэла унагъуэхэм зэрадэпэщкъун мыльку кьыхахьынырт.

- ФІы щІэныр, псапэ Іуэху лэжьыныр республикэм и цІыхухэм я лъым хэту кьоГъэгурыкІуэ, - жиІащ зэІущІэр щыщІэзэІуэнухьм Налшык кьалэ администрацэм и унафэщІым и кьуэдзэ Дол Анжелэ. - Гу зэрыльытащи, абы и льэныкьуэкІэ, сыт хуэдэ Іуэху кьрахьэжьэми, цыхухэр жьыджэру хэтщ. Гуапэщ нобэрей зэманым гущІэгъу зыхьыщІэр зыхьыщІэр зэрыщІэр, шэч хэлъкъым щытыкІэ гугъум кьихуэтахэм зэрахуэзэфІэкІкІэ дэІэпыкъуэгъу яхуэхьуну хущІэкъуэм ялэжь Іуэхухэми езыхэми дзрэжэгъуэ кьаззэрыритым. Дызэкьуэту Іуэхур зэфІэтхьу дыкьызэдэгъуэгурыкІуэмэ, гугъуехьхэр нэхъ псынщІэу кьызэдэнэкІыфынуц, республикэм и жылагъуэ гъэщІэри едгъэфІэкІуэфынущ.

Долым и псалъэхэм я щхьэтт кинотеатр бжьІупэм цІыху куэд зэрыщыпхьэр. Абыхэм ящыщ дэтхэнэми езым я гуащІэ Іуэху щхьэпэм халъхьащ. «ФІыр кІуэдыркъым, апхуэдэуи пщэдейрей махуэм хьуейуэ зыми ищІэркъым. Нобэ щытыкІэ гугъум кьихуэтам си Іэр хуэзмышІымэ, сэ дэІэпыкъуэгъу сыщыхуэйм деж сыт гугъэ кьысхэзэрыльхьэнур? Хэт зыщІэр дэ ди Іуэхур кьызэрекІуэкІынур?», - жаІэрт кьызэкъуэсахэм.

Телемарафоным цыху куэд кьызэрырихьэлІам кьэкІуэнум фІыкІэ уэзрыхуигъаплъэм, мылькур зытрагъэщэну унагъуэхэм фІыщІэ зэрахуэфащэм, абы хэм гушхуэныгъэрэ лІыгъэр яхэлыр зыхуэдэм и гугъу ищІу кьэпсэльащ «Къэбэрдей-Балькъэр» ВТК-м и унафэщІ Дроздов Игорь.

Сыхьэтпщ1э ебгъэкІа зэІущІэр щызэхуащІыжьым, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щыхубэ хьыбарегъащІэ Іуэхущапіэхэмкіэ, жылагъуэ, дин зэгухьэныгъэхэмкІэ и министр Къумахуэ Мухьэдин абы хэта псоми фІыщІэ яхуищащ. «Ди республикэм сабий зеиншэу исыр нэхъ мащІэ щыхьуу, льагъуныгъэм, гуапагъэм щапІыкІ, гульытГэ зиІэ щыкІу насыпыфІэхэм я бжьыгъэм кьызэхъуэу Тхьэм диГьэпсэу», - захуигъэзащ абы кьызэхуэсахэм. Псапащ1э Іуэхум хэтахэм я нэгу зрагъэжьащ республикэм и артист ныбжьыщІэхэм.

ЩХЬЭЩЭМЫЩІ Иэз.

Сурэтыр **МАМИЙ Руслан** *трихащ.*

Зыгъэпсэхугъуэ махуэхэм фысакъ!

КъБР-м щыІэ Оперативнэ штабыр республикэм исхэм ёохьэхьу КъБР-м и Къэралыгъуэм и махуэмрэ ЩІэныгъэхэм я махуэмкІэ. Апхуэдэу абы щыхуэхэм ягу кьегъэкІыж гуфІэгъуэ дауэдапщэхэм щыхэтым деж я щхьэр яхьумэжьын, нэхъ сакъыу щытын зэрыхуеІэр.

Республикэм щыпсэухэмрэ щхьэпэхэмрэ зэхэщыкІ яхэлъу бгъэдыхьапхъэщ мы кьыкІэльыкІуэ чэнджэщхэр гъэзэщІэным:

- хьэпшыпу, автомашинэу, кьинэмыщІу щыгъуэ гуэр зыхуэфащІхэм фарикьэлІамэ, икІэщІапІэкІэ хьыбар евгъащІэ зыхуэфащэ Іуэхущапіэхэм;
- апхуэдэ хьэпшыпу, лагьымкэр ирапльхэм папщІэ, террористхэм кьызэрыгуэкІ хъуржьынкэр, коробкэхэр, сабийхэр зэрыджэгу Іэмэпсымэхэр кьыщагъэсэбэп щыІэщ;
- гурыщхьуэ зыхуэфащэ хьэпшыпхэмрэ цыхуэхэмрэ ятеухуауэ хабзэхъумэ органхэм я зэманым хьыбар евгъащІэмэ, абы фэри адрей цыхуэхэми я гъащІэр кьихьумэнкІэ хьунущ.

ГуфІэгъуэ зэхьыхьэхэм вгъэжІэн ипэкІ, сабийхэм ягурыбгъуэ уэрамым кьыщагъэутыныкІэ хьуну сыт хуэдэ хьэпшыпмэ шынагъуэ зэрыпльыр.

Террорист щІэпхьаджагъэхэр ялэжьыну зэрызагъэхьэзэырым, цыху щхьэхуэхэм лагьымкэр, Іэщхэр зэрызэрахьэм, щІэпхьаджагъэхэр ялэжьыну зызыгъэхьэзыр цыхуэхэр зэрыщІэм щигъуазэ фыхьуамэ, икІэщІапІэкІэ хабзэхьумэ органхэм я деж фыпсэльну дыныволъэІу.

Фэ кьыжбгъэдэкІ дэтхэнэ зы хьыбарри кууэ кьапщытэнущ, зэхагъэкІынущ икІи абыхэм япкъ иткІэ, зыхуэфащэ Іуэхухэр ялэжьынущ цыхуэхэм кьатемыгъэхьэным хуэунэтІауэ.

КъБР-м щыІэ Оперативнэ штабыр щэсипІэ ёохьэ хьыбар кьезыгъэщІа цыхуэхэр хэІущІыу зэримыщІынумкІэ.

Фыздзэпсалъэ хьуну телефонхэр:

- КъБР-м щыІэ Оперативнэ штабым: 48-15-10;
- УФ-м и ФСБ-м и Управленэу КъБР-м щыІэм: 48-16-02; 48-15-81;
- КъБР-м щыІэ МВД-м: 40-49-10, 49-50-62;
- УФ-м и МВД-м и Управленэ нэхъыщхьэу Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым щыІэм и «Э» центрым: 42-70-52;
- УФ-м Следствиемкіэ и комитетым Следствиемкіэ и управленэу КъБР-м щыІэм: 77-64-22;
- УФ-м и МЧС-м и Управленэ нэхъыщхьэу КъБР-м щыІэм: 39-99-99.

КъБР-м щыІэ Оперативнэ штаб.

ГуащІэдэкІ хьэлэлым цІыхУр егъэлъапІэ

Бырс Анзор

Щоджэн Тлэлашэ

Кьалмыкь Хьэжмурат

Бгъэжьнокьуэ Хьэчим

Зеикъуэм и Дыщэ Вагъуэхэр

ОрденилІ зедыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Къэралыгъуэ зэ-ригъуэтрэ блэкІа ильэсхэр Іуэху-гъэшхуэхэмкІэ гъэнщІауэ щытащ. Тхы-дэр щыхьэт зэрытекъуэщи, Совет власт-стыр зэрыкъуву, ди щІыналІэр зыужы-ныгъэм и гъэзэгум техьащ. ПсэукІэщІэм хуэжьыджэрти, жэщ-махуэ ямыІуэ щыхуЭр абы телажьэрт. Индустриа-лизацэм республикэм и тепІъэм кьыпъ-хуэмыцІыхужьыну зригъэхъужьат. Япэ ильэситхум и закьуэ предприятэщІэу 44-рэ ирагъэжьат, автоном областым и къэрал промышленностым псорн зэ-хэту продукцэу кьыщІигъэкІым и процент 85,5-р абыхэм хуэзэрт.

КЪЭБЭРДЕЙ-Балъкъэрым мэкъумэш ІэнатІэмэ екъуІэнчыгъэфхэр щиІэт. 1933 гъэм и мазаем колхозхэтхэм я япэ союзпсо зэІуІуцІэ екІуэкІатэ, автоном областым и цІэр къэралым щыпашэхэм яхэту кьыщрагъуат. Ди щІыналъэр лэжьакІэ пэрытым и ерджанІэ хъуати, нэгъуэщІ щІалІэ куэдым я лІыкІуэхэм я щІэныгъэм дги дежь щыхасгахьъуэрт. 1934 гъэм япэ дыдэу Лениным и орденыр зратахэм Къэбэрдей-Балъкъэрыр ящыщщ. Ар кьыхуагъэфэщат колхозхэр кьыдзэгъэпэщыным, гъэбзэгъуэным щиІэ екъуІэныгъэ инхэм папщІэ. Абы щыгъуэ областым и гъавэзэкІрэ Іэщыхьэуэ мин 17,7-м щІигъур лэжьыгъэм щыпашэхэм, зэхъэзэхуэр зэщІэпльэ зэпэт. 1935 гъэм щжкІуэгъуэм и 4-м Кавказ Ищхьэрэ крайисполкомымрэ ВКП(б)-м и Кавказ Ищхьэрэ крайкомымрэ унафэ кьащтауэ щытащ колхозхэм я ІэнатІэ ягъэгъэшхуэну, пашэхэм я зэфІэкІыр ягъэльэгъэну. Абы щыгъуэм Кировым и цІэр зезыхьэ (Зеикъуэ кьуажэ), Андреевым и Іэщыгъэ (Кэнжэ), Кьалмыкым и цІэр зезыхьэ (Шэджэм Ищхьэрэ), «Псыгуэнсу», «Лениниды» (Ново-Ивановскэ) колхозхэр краим и Щхьэ пхъэбгъуэ ирагъэуэ щытащ. А ильэс дыдэм и дыгъэгъазэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и колхозхэт 27-м кьэрал дамыгъэ льапІэхэр кьыхуагъэІэфэщащ.

1949 гъэр Зеикъуэ кьуажэм хуэуГырулыт. ЯпэкІи иужькІи къэхъуауэ кьыщІэкІынкьым зы жьылэм щыщ икІи зы ІэнатІэм пэрытт щыхуищым зэуэ Социалист Лэжьыгъэм и ЛІыхъужь цІэ льапІэр кьыщыфІаща. Ахэр Бырс Анзор, Щоджэн Тлэлашэ, Кьалмыкь Хьэжмурат сымэщ.

Кьуэцкъэхъу жьыкъэм зэман кІыхькІэ щаІыгъуны шы табынкэр зэрежьэнум зэрыхуэхъэзырыр кьэзыпщытэ республикэ комиссэм Кировым и цІэр зезыхьэ колхозыр дапщэщи щатхьэу игъэльагъэуэрт. Абы дэпльеину адрейхэр кьыхуриджэрт.

1949 гъэм мэкъуэгъуэм и 27-м СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и Указкіэ колхозым и тхьэмадэ Бырс Анзор, шы фермэм и унафэщІ Щоджэн Тлэлашэ, шыхьуэ нэхъыкІ Кьалмыкь Хьэжмурат сымэ Социалист Лэжьыгъэм и ЛІыхъужь цІэ льапІэр кьыфІащащ. А зэманым хуэзэу хозяйствэм и шы гуартэм хуэдищкІэ хэхъуат. Зеикъуэдэсхэм я кьуажэгъуэщым епІланэу 1969 гъэм Бгъэжьнокьуэ Хьэчим, Щоджэнщыкіум и цІэр зезыхьэ колхозым и тхьэмадэм, Социалист Лэжьыгъэм и ЛІыхъужь цІэ льапІэр кьыфІащащ.

Апхуэдизэ лэжьыгъэшхуэ зыгъэхьеи, зи зэфІэкІыр кьэралпсо утыкум кьыщальэта а цІыхУ щыпкъэхэм я цІэхэр Къэбэрдей-Балъкъэрым и тхьэрэ кьуалЕм дыщэпскІэ хатхащ икІи абыхэм я Іуэхущафэу щытар щІэблэм гъуаэзу яІэнущ.

КІЭФО Хьэрун.

Дэбагъуэ

Тэрчокъуэ Къамболэт

АРЩЫДАНДЭСХЭМ фІыуэ ящІэж я жьылэм и колхозым кьыхуагъэфэщащ Ленин орденыр кьыщІратыжа махуэр. Ар 1967 гъэм бадзэуэгъуэм и 13-рт. Абы иращІэкІыну гуфІэгъуэ зэхьыхьэщхуэм хэтын папщІэ, мэз льапэм щыІэ «ШкІэщыщхькъуэ» щІыпІэ дахэм деж республикэм и жьлагъуэ псоми я лІыкІуэхэр жьыуэ щызэхьыхьэрт. КъэпсэлъапІэу, зыкъэгъэльэгъуапІэу кьагъэсэбэпын щхьэкІэ кІуу зэхагъэува автомашинэхэр гъэщІэрэщІат, колхозым и ехьулІэныгъэхэр хьэрфыщхуэкІэ зытетха транспарантхэр жьым дэбабырт. ГуфІэгъуэм ирихьэлІат партым и обкомым и япэ секретарь Мэлбахьуэ Тимборэ, КъБАССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и Тхьэмадэ Геттуев Магомет, Министрэхэм я Советым и Унафэщі Ахъуэхъу Асльэнбий, Осетие Ищхьэрэ АССР-м щыщ хьэщІэхэр, республикэм и гъавэгъэкІ, Іэщыхьэ пашэхэр.

Геттуев Магомет СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и Унафэм кьеджэу Ленин орденыр хозяйствэм и бэракьым хилъхьа нэужь, колхозым и япэ тхьэмадэу щыта, илъэс 80 хьу ТекІужь Цу арщыдандэсхэмрэ хьэщІэхэмрэ мыпхуэдэу захуигъэзауэ щытащ:

- Нобэрей махуэр идкІыри къэс къэспсэуам я нэхъ льапІэ дыдэщ. Си гуащІэ куэд зыхэслъхьа колхозым ди къэралым и дамыгъэ нэхъыщхьэ кьыхуагъэсащ. Ар къэзылэжьа ди кьуажэгъуэм фІыщІэ ин яхуэсщ. А дамыгъэм дыхуэфащэу зэпымыууэ ипэкІэ дывгъакІуэ!

Тэрчокъуэ Къамболэт зи пашэ арщыдандэсхэр а нэхъыжьыфІым и псальэм телІакъым, жьыгъи республикэм и кэри ягъэгуфІэу я екъуІэныгъэхэм хагъэхъуащ. Абы и щыхьэтщ союзпсо, урысейпсо семинар-зэІущІэхэр ди кьуажэм щрагъэкІуэкІыу зэрыщыытар Къэбэрдей-Балъкъэрым и ныбжьыкІэ щІалэ щІэныгъэм и лІыкІуэ щытар арщыдандэсхэр я ныбжьыгъэр, я зэфІэкІымрэ я іэжьыгъэмрэ иригушхуэу зэІэпахырт.

- ЩІыр зыхуэжьмартыр Іуэхум хьэлэлу бгъэдэтхэщІ. ФепІлыт ди хьэсхэм гуэхъуэу зэрызыжьаклам. Ар ди цІыхуэхэм я Іэрыкіэ, щІым кьытхуищІ тыгъэщ. Ерыскьы зимыІэм и дыщэр пудщ, и щхьэрп льагэу хуэльагъэжьынкьым. Мис ар ди мэкъумэшыщІэхэм фІыуэ кьагуроІуэ, - жьриІэрт Къамболэт хьэщІэхэм.

Зи лІыгъэкІэ, зи зэфІэкІкІэ, зи цІыхугъэкІэ Хэкум цІэрыІуэ щыхьэ адыгэлІым пасэм щыгъуэ уэрэд хуаусырт, и цІэрэ, и пщІэр яІэтырт. Мис апхуэдэ цІыху щоджащэхэм ящыщт Тэрчокъуэ Къамболэт Кіыщу и кьуэр. Ар Хьэтуей кьуажэм 1911 гъэм кьыщалъхьащ, 1939 гъэм я жьлэм и «Щэкэр» колхозым и тхьэмадэу хахащ. Хэку зауэшхэр кьыщыхьэбм абы кІуэри, ЛІыгъэм и щапхъэ кьыгъэлъагъуэу а илъэс хьэлъхэм я мафІэ лыгъэм кІуэцІрыкІащ. Кьыгъэзэжа нэужь, «Щэкэр» колхозым и унафэщІу хахьж, куэд дэмыкІыу Арщыдан МТС-м и Іэтащхьэ ящІ.

1953 гъэм партым и кьыхуеджэныгъэкІэ Арщыдан кьуажэм ягъакІуэ, Лениным и 1967 гъэм и мэлыжьыхь - лэжьакІуэхэм папщІэ кьатитІ унэу 10 кьрагъэжьащ.

1967 гъэм накьыгъэм и 25 - Лениным и цІэр зезыхьэ колхозым Ленин орден кьыхуагъэфэщащ.

1967 гъэм бадзэуэгъуэм и 13 - Ленин орденыр кьратащ.

1968 гъэ - ныбжьыщІэу 120-р здэкІуэну сабий гъэсапІэ кьызэІуахащ.

1969 гъэ - колхозым и мылькукІэ яухуа, гъуэлъыпІэ 80-м тещІыхьа сымаджэщыр кьызэІуахащ.

1970 гъэ - колхозым и мылькукІэ яухуа, сабий 220-м тещІыхьа курыт еджапІэ №2-р кьызэІуахащ.

1970 гъэ - мурад хэхам тещІыхьа Арщыдан заводыр ирагъэжьащ.

1971 гъэ - хуэІухуэщІэхэмкІэ унэрэ машинэ-трактор мастерскойрэ ятащ.

1974 гъэ - Іэщыщхуэу 800 щаІыгъну бо яухуащ.

1974 гъэ - кьуажэ универмагыр кьызэІуахащ.

1976 гъэ - музыкэмкІэ еджапІэ кьызэІуахащ.

Къамболэт (абы псори Дрбагъуэкіэ еджэрт) колхозым и тхьэмадэфІ кьудейтэхьым, атІэ икІи къэрал іэжьакІуэшхэм, цІыху гъуэзэджэт, кьызэгъэпэщакІуэ емызэшт. Сыт и лъэныкъуэкІи зыхуэхІиикт, и кьару псори Іэнатіэм иритырт. Абы и унафэр зымыгъэзащІэ, и псалъэм ебакъуэ, фІэмыІыкІ Іэщыхьуэхэми яхэтэхьым. Гумызагъэти, дэжькъкІэ зыхуэф-зыхуэфІхэр зыщигъэгъупщэрэтэкъым, я унагъуэхэм зищІигъэкъуэрт.

Колхозыр гъавэгъэкІэмрэ Іэщыхьэхэмрэ я еджапІэ хьуат. Арщыдандэсхэм я зэфІэкІым, я Іэзэгъым зыщагъэгъуэзэну Кавказ Ищхьэрэм кьэралым и адрей щІыпІэхэмрэ я лІыкІуэхэр куэду кьахуеблагъэрт. Кьуажэм щыхьэщІащ КПСС-м и ЦК-м и секретархэр, Италием, ГДР-м, Кубэм, Монголием, нэгъуэщІхэми щыщ щІыпІэхэм ІэнатІэм ехьулІэныгъэхэр щызэхьэщІащ. Ауэ ныбжьыгъэ хиха фэбжьым зэрихьэ ильэс 30-м щІигъуами, арщыдандэсхэм ар ящыгъупщэркъым, и фэеплъыр яфІэлъапІэщ.

- Тэрчокъуэ Къамболэт профессоркъым, уеблэмэ, курыт щІэныгъэ нэгъэса иІэтэкъым. Ауэ губзыгъэт, Іущт, псом ящхьэрауэ, и кьалэным хуэпэжт, гурэ псэкІэ бгъэдэтт. Дауэ абы уи щхьэр зэрыхуэмыгъэщхьынур, и фэеплъ нэхум пщІэ зэрыхуэмащІынур! И пщІэрэ, и фэеплъри льапІэщ. ЛьапІэщ мы ГъащІэм къыщигъэна льэужьри! - жиІэгъат абы щыгъуэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр обкомым и япэ секретарь Мэлбахьуэ Тимборэ.

ХЬЭЖЫКЪАРЭ Алик.

Къэбэрдейм щыщ шууей Хьэмгъуокъу Барэсбий

1936 гъэрщ. Мэзкэу, Кремлым, Іэщыхьэхэм я Союзпсо зэІущІэшхуэ щоклІуэкІ. Адыгэ фащэ екІу зыщыгъ, дыжьын кьакІуэ зыщІэкъуэза щІалэ цІыкІУр псэльапІэм дожейри, и нэ фІыщІхэр мыуПэрапІэу, и гум хъыхьауэ шы лъэпкьыфІхэр зэрызэрахьэ щІыкІэм тегушхуауэ топсэльыкъ. ПІэшым щІэсхэм Іэгуаеуэшхуэ хуаІэт. Езы ныбжьэгъу Сталиным абы и Іэр екъузри, гуапэу жеІэ:

- Уэт, щІалэфІ!

Партымрэ правительствэмрэ я унафэщІхэр зыхэт, Іэщыхьэ пашэхэм я ебланэ зэІуцІэм кьыщыпсалъэр Кэнжэ кьуажэм щыщ еджакІуэ ныбжьыщІэ Хьэмгъуокъу Барэсбийщ.

- Ди школым еджакІуэ 326-рэ щІэсщ. Абыхэм ящыщу 159-р пионерщ, 3-р комсомолым хэтщ, адрейхэр октябрятэщ. Псори зэхэту гупибл адыгэш лъэпкъыфІхэм дакІэлъэпль *(Іэгу йоуэхэр).*

Сталиным:

- Уэ езыр илъэс дапщэ ухъурэ?

Хьэмгъуокъум:

- Сэ, ныбжьэгъу Сталин, илъэс 13 сохьу.

Сталиным:

- Уэт, щІалэфІ! *(Іэтауэ Іэгу йоуэхэр).*

Хьэмгъуокъум:

- ЙуГащІэ ди егъэджакІуэ Іущ, ныбжьэгъу Сталиным! ИуГащІэ ЗыхЬумэжьныгъэмкІэ щІыхуб комиссар, Совет Союзым и Маршал Ворошиловым! *(Іэгу йоуэхэр).*

Іэгуаеуэшхуэм щІэту пионер Хьэмгъуокъу Барэсбий мэкІуатэри, ныбжьэгъу Сталиным, партымрэ правительствэмрэ я унафэщІхэм я Іэр еубыд. Зэхуэсахэр щыту куэдрэ Іэгу йоуэ. ИужькІэ ныбжьэгъу Сталиныр кьопъэІри, урысыбзэкІэ жиІахэм Барэсбий адыгэбзэкІэ кьытрегъэзэж.

1933 гъэм ВЛКСМ-ми и ЦК-м комсомол, пионер псори кьыхуриджажэу щытащ колхозхэм ядэІэпыкъуну. Кавказ Ищхьэрэм и щІыналъэхэм ящыщу а Іуэхум папщІэ Іэшуэхэр зезытар Кэнжэ щІэблэм щыщ щІэдащ. Кэнжэм и пионерхэм я кьыхуеджэныгъэр дабыгъуу, Кавказ Ищхьэрэм и ныбжьыщІэхэми Хэкум и хъумакІуэхэм шы щэ бжыгъэхэр хуагъэшхащ. 1936 -1940 гъэхэм кьурибыдэу езы кэнжэдэс щІыкІуэм адыгэшу 10 кьагъэхъуащ.

А илъэсхэм Хьэмгъуокъу Барэсбий щыгъажэ 60-м щІигъум хэтати, етІуанэ увыпІэ нэхъыкІэ кьихьагъым. 1937 гъэм Псыхуабэ кьаалэм зэпеуэшхуэ щекІуэкІауэ щытащ. Абы Барэсбий пІІэнэйрэ зыкъыщигъэльэгъэуати, Ростов областым, Къэрэшей-Щэрджэсым, Осетие Ищхьэрэм, Щэшэн-Ингушым я колхозхэм, шы заводхэм я щууейхэм ящыщу зыри кьыпэкъуащ. КьыкІэпльыкІуэ. Дагъыстэн автоном областыр ильэс 15 зэрырикъум и щІыхькІэ Мэхьэчкьалэ щыІэзэхэта зэпеуэм «Коммунист», «Куба», «Кэнжэ», «Аушыджэр» колхозхэм я шыхэмкІэ щытекІуащ. Апхуэдэу 1939 гъэм мэкъумэш Іэнатіэм и союзпсо гъэлъэгъуэныгъэр кьызэрызэІуахьым и щІыхькІэ Мэзкэу и къэрал щыгъэжапІэм щекІуэкІа зэхьэзэхуэхэм Кэнжэ, Нартан, Куба, Шэджэм Езанэ жьуажэхэм, ныгъэщІ щІыпІэхэм кьыщыгъэхъуа адыгэшэхмкІэ хэтащ икІи хэнэйрэ бжьыпэр щиубыдащ. А зэпеуэм кьыщызэриІэкІащ хьэрыпыш, инджыпыш, ахалтекинышу, буденнэш лъэпкъэр.

1939 гъэм «Ленфильм» киностудием щытрахащ Кавказ саугъэтым и лауреат Попов Александр и цуанрийкІэ ягъэува «Къэбэрдейм щыщ шууей» фильмыр. Абы лъабжьэ хуэхъуар кэнжэдэс ныбжьыщІэхэм я ІуэхущІафэрщ. Фильмыр къэралым и дэнэ щІыпІи щызэрагъэпэщащ. А гъэ дыдэм и шыщхьэІу мазэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и цІыху минкэм я нэгу щІэІащ. Осетие Ищхьэрэм и профессионал шууей Кьантемыр зэкъуэшхэмрэ Кэнжэ кьуажэм щыщ ныбжьыщІэхэмрэ я зэхьэзэхуэ гукъинжэкІ. Мэзкэу и къэрал циркым и манежым махуэ бжыгъэкІэ щекІуэкІа зэпеуэм Хьэмгъуокъу Барэсбийрэ Ахьмэт Мусэбийрэ щытекІуэри, я цІэхэр жьыжэ щагъэІуащ, союзпсо утыкум хуэфащэ увыпІэ щаубыдащ.

ЛЪЭНЫКЪУЭ ЗЫЖЬЭМ ЗЭМАН КІЫХЬКІЭ щаІыгъуны шы табынкэр зэрежьэнум зэрыхуэхьэзырыр кьэзыпщытэ республикэ комиссэм Кировым и цІэр зезыхьэ колхозыр дапщэщи щатхьэу игъэльагъэуэрт. Абы дэпльеину адрейхэр кьыхуриджэрт.

1949 гъэм мэкъуэгъуэм и 27-м СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и Указкіэ колхозым и тхьэмадэ Бырс Анзор, шы фермэм и унафэщІ Щоджэн Тлэлашэ, шыхьуэ нэхъыкІ Кьалмыкь Хьэжмурат сымэ Социалист Лэжьыгъэм и ЛІыхъужь цІэ льапІэр кьыфІащащ. А зэманым хуэзэу хозяйствэм и шы гуартэм хуэдищкІэ хэхъуат. Зеикъуэдэсхэм я кьуажэгъуэщым епІланэу 1969 гъэм Бгъэжьнокьуэ Хьэчим, Щоджэнщыкіум и цІэр зезыхьэ колхозым и тхьэмадэм, Социалист Лэжьыгъэм и ЛІыхъужь цІэ льапІэр кьыфІащащ.

Апхуэдизэ лэжьыгъэшхуэ зыгъэхьеи, зи зэфІэкІ кьэралпсо утыкум кьыщальэта а цІыху щыпкъэхэм я цІэхэр Кьэбэрдей-Балъкъэрым и тхьэрэ кьуалЕм дыщэпскІэ хатхащ икІи абыхэм я Іуэхущафэу щытар щІэблэм гъуаэзу яІэнущ.

КІЭФО Хьэрун.

Пащты Садиныр

Умаевэр Фаншка

Ахьмэт Мусэбий

Лэжьыгъэм и Лыхъужьхэр

Мылъку хэкІыпІэ

Хэку зауэшхуэ нэужьым, нэмыщІ зэрыпхъуакІуэхэм зэхакъутар зэфІэгъэувэжьи хуейт. Абы кьару псори ягъэщІагъэуІуэрт. Къэралым псынщІэу зыкьыІэтыжьыныр мэкъумэш Іэнатіэм и зэфІэкІым кьудкІэ зэрелъытар зыщагъэгъупщэртэжьым. «Гуэнхэм гъавэр из щІыжьи, щІыхуэхэр ерыскьыкІэ, Іэщыр Іусыпхъэкіэ кьызэрэпэщыи», - арат абы щыгъуэ кьуажэдэсхэм я кьалэнхэр.

Евтушенкэ Николай

Нобэ Кахраманмараш щІыху мин 500 щопсэу, абы хэм ящыщу унагъуэ мини 2-р адыгэщ. Ар Тыркум и кьалэ нэхъ ин дыдэу 14-м ящыщ, экономикэ зыужьыныгъэмкІэ нэхъ льэщу 20-м хохьэ.

- Ди кьалэм и экономикэм и льабжьэ нэхьыщхьэр Тыркум япэ увыпІэр щызыІыгъ текстиль промышленностыр. Абы кьыкІэлыкІуэу долэжь дыщэхэкІ хэлъщынхэм. Кьыхэзгъэщынщи, абы кІэ ди япэ итыр Истамбул кьалэрщ. НэгъэщІ къэралхэм идогъашэ доллар мелардым щІигъу и уасэ хьэпшын, - жиІащ Джавдет. Апхуэдэуи кьыхигъэщащ я морожэнм кьытекІуэн зэрыщымыІэр, ар бжэнышэм кьызэрыхащІыкІыр.

Зиусхьэн Кабакчи АфІэунэ Асльэн къритащ я кьалэм и тхыдэм теухуа тхылъ, я Парламентым и дамыгъэр. Министр АфІэунэ Асльэнм хьэщІэгъуэ гулъытэншэ ищІакъым, абыхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым теухуа тхылъ, фэеплъ саугьэтхэр яритащ.

Оздемир Ибрэхьим республикэм и спортсменхэр иригъэблэгъащ 2014 гъэм мазаем я кьалэм щекІуэкІыну зэхьэзэхуэщхьэм. БэнэкІэ хуитыжкІэ зэпеуэнущ къэрали 100-м щІигъум я лІыкІуэхэр. Спортсменхэр егъэджэныр, абыхэм я зэфІэкІым зегъэужьынур КъБР-мрэ Тыркумрэ щрагъэкІуэкІыну зэгурыІуащ. Нэхьыщхьэращи, Къбэрдей-Балъкъэрымрэ Кахраманмараш кьалэмрэ я зэныбжьэгъугъэм зрагъэужьыну, спортым нэмыщІ, туризмэм епха ІуэхуэхмкІэ зэдзэлэжьэну жаІащ.

ЛІыкІуэхэм я пашэ Кабакчи Джавдет кьызытекІухьа я мурадыфІхэр кьаэзрехьулІэнур, лъэныкъуитІыр зэхуэдэзыуэ зэрызэдэлажьэнур и фІэщ зэрыкъур жиІащ икІи езым и унафэщІхэм я щІэкІэ бысымхэр Кахраманмараш кьалэм иригъэблэгъащ.

ХьэщІэхэм ягъэлъэгъащ республикэм и щІыпІэ нэхъ дахэ дыдэхэр.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

Сурэтыр **МАМИЙ Руслан** *трихащ.*

● Адэжь щІыналъэ

Зэмыпсэлъэфхэр гукІэ зэрощІэ

Налшык кьалэ дэт «Къурш псынэ» санаторэм зыщызыгъэпсэху, Тырку Республикэм кьикІа ди лъэпкъэгъу ныбжьыщІэ цыкІухэр «Адыгэ псалъэ» газетым и хьэщІэщым кьытхуеблэгъащ, адэжь хэкум анэдэлъхубзэкІэ кьыщыдэкІ газет закъуэм и редакцэр зрагъэлъагъуну, абы и редактор нэхъыщхьэ, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ ХьэфІыцІэ Мухьэмэд зыхуегъэзэну.

ХЬэщІэхэр гуапэу кьригъэблагъэри, зи унафэщІ газетым и лэжьакІэри, абы и кьэдэкІыгъуэхэр зэрагъэхьэзырри, журналистхэм я ІуэхущІафэхэри зэпкърыхауэ яжриІэжащ Мухьэмэд, апхуэдэуи Къэбэрдей Адыгэ Хасэм зэфІигъэкІэжмэ лъэпкъым иФІ зы хэлъ Іуэхуэхэр зэрыдигъэкІымрэ кьытеувыІащ.

НыбжьыщІэхэм я гъусэ балигъхэм - ТхьэкъуахъуэДамиррэ КъардэнАсьлрэ - тхьэмадэм ятІкІэ хэжжьым зыщрагъэпІыхьыну кьаІуа цыкІухэм Къэбэрдейр гуапэу зэрапежьар, щІынальэри абы щыпсэу цІыхухэри ягу зэририхьар жаІащ.

КъБР-м и Правительствэм и унафэм ипкъ иткІэ, иужьрей ильэситхум гъэ къэс къашэ ди лъэпкъэгъуэхэм я щІэблэр. А программэр зэрылажьэм, хэхэс адыгэхэм я сабийкэр хэкужьым зэрыщагъэІэ мардэхэм кьытхутепсэльыхьащ КъБР-м Хьэбарегъащ ІэуэкІуэщІапІэхэмкІэ, жылагъуэ, дин зэгуэхьэныгъэхэмкІэ и министерствэм и лэжьакІуэ, ди хьэщІэхэм я гъусэ ЖырыкъФатІимэ:

- Мы Іуэхур ди дежкІэ цІыхьым, - кьыддогуашэ ФатІимэ. - НыбжьыщІэхэр гъэ къэс кьыдогъэблагъэри, адэжь хэкум я нэгу щыщІдогъэужь, Къэбэрдейм и щІыпІэ нэхъ дахэхэр ядогъэльагъу. Иджы къэкІуа гупыр Анкара, ИстамбыІп, КъайсэР кьалрэхэм кьикІащ. Ебыгэхэри фІыуэ зэрызэрымыцІыхуэм кьыхэкІыу, ипэ махуэхэм хамэгу-хамащхьэу щытащ, ауэ сабийкэм нэхъ псынщІэу зэсэ щыІэ?! МахуитІащ зэрыджкІыу зэгъэгуэхьэкІи а щІыпІэ нэхъ щІэ ящІ ящІ ящІ

● Гъуэгу къежьапІэ

Лъэпкъым и щІэблэр

Лъэпкъым и къэкІуэнур ельытащ къыщІэхъуэ щІэблэм и шыфэлыкІфэм. Адыгэ лъэпкъым и пщІэр еІэт Хэкур фІыуэ зыльфагъу, зи гупсысэхэр адыгэ Іуэхум епха, хабзэр зыхэзылыхьэ, тхыдэм дихьэх щІалэгъуалэ гурыхуэ зэрилъэм. Апхуэдэхэм ящыщ Шэрджэс Мухьэмэдрэ Ныр Муратрэ, Мухьэмэд Аушыджэр щыщ, КъБКъУ-м медицинэмкІэ и колледжым щеджащ. Мурат Къулыкъуэкъым щыщ, бизнесымрэ правэмкІэ институтыр Псыхуабэ къыщиухащ.

Ныр Мурат

ЦІыхУм и хьэл-щэныр щы-сабийм щегъэжьауэ зэтеувэн щІедзэ. Шэрджэс Мухьэмэд и сабингъуэ гукъэкІыжхэм кьыхоц ар щІыуэпсым пэгъунэгъуэ кьыззэрыдэкІуэтеяр.

- Сабингъуэ дахэ сиІащ, - игу кьеГъэкІыж Мухьэмэд. - Джабэм дыдэкІуейрт, псычхъуэм кьыщыджыхьырт, дыщыджэгурт. Бдзэжьеящэ дыкІуэн тфІэфІт. Си жагъуэщ иджыпей сабийхэм апхуэдэ эрадумылъагъужыр. Пщіантім щыджэгуу, тетІысхьэпІэм тесу зыри пльагъужыркъым. Телефон, компьютер, Интернет - ахэращ иджы зэрыджэгу хьэпшыпу кьагъэсэбэпыр. Сабийм компьютерымрэ зэкІэрыдмывауэ, щІэблэм и псэм дахагъэр тхъузыкегъэщІэнукъым. Абы хэкІыпІэ кьыхуэгбгъуэтыфыну кьызолытэ: клубхэм, школхэм кьыщызэрагъэпэщ къэфакІуэ, уэрэджыкІауэ, пшынауэ гупхэм сабийхэр хэгъэхьэн, апхуэдэ щІыкІэкІи щэнхабзэм дегъэхьэхьэн хуейщ. Аущ ари адэанэм ельытыжащ, гу зэгъэ яІэмэ, Іуэхум зебгъэхьужыну гугъу хьунущ.

- Пэжщ, сабиигъуэ жыхуаІэжыр зэпхар джэгукІэ зэмылІэужьыгъуэхэрщ, - арэзы дохьу Мурат и ныбжьэгъум. - Псом хуэмыдэу щІымахуэм ІэжьэкІэ кьэбжьыхьыныр сыту гухэхьуэгъуэуэт! Сабиигъуэ гукъэкІыжхэм язоп ди адэм сызригъэдзыжыну? Зыри. Тхыдэдж зэхуэмыдэхэм я епІыкІэхэм сыкІэльэпльтхьилкІэ, ИнтернеткІэ.

ГъуэзджэхэмкІэ Кавказ Ищхьэрэ кьэрал институтым сыщІэтІысхьэну сехьуапсэрт, - игу кьеГъэкІыж Мухьэмэд. - «Ар Іэщіагъэ пхуэхьунукъым - уи гъащІэр укъафэу епхьэкІыфинукъым», - жаІащ си адэанэм. Ди анэм дохутыр Іэщіагъэр фІэфІт, арэзы сщІын щхьэкІэ абы сыхуеджащ. СыщІегъуэжакъым. Абы ныбжьэгъу, цІыхугъэ кьыщыхуэхьуахэм ноби сапыщІащ. Адыгэм и хьэл-щэн ныбжьэхэм Іуэху гуэрым гъунэгъу зыхуэсщІын зэрыхуейр си гуэ кьызиІуэкІырт. Кьафэм сыхьхьащ. Шэрджэс Мухьэмэд

Шэрджэс Мухьэмэд

● Курск зауэр и лъэс 70 ирокъу

Махуэ 50-кІэ екІуэкІащ

Курск щекІуэкІа зауэр мы гъэм и лъэс 70 зэрырикъур Налшык щагъэлъапІащ. Курскрэ Орловскрэ дежь щыІэуахэр зэхуэсри, ягу кьагъэкІыжащ фронтым щагъэкІуэ махуэхэр, я хэкум папщІэ зи пэ зыта лІыхъужьхэр.

НАЛШЫК кьалэ щыІэ Ветеранхэм я советым и тхьэмадэ Абдуллаев Мустафа зэІуцІэр кьызэІуихри, фІыщІэ яхуищІащ щыпІэр хуит къэващІыжа зауэлІхэм, Курск дэж лІыхъужьхэм ящыІэ кьыщыщІыжа зауэлІхэм, Курск дэж лІыхъужьхэм я ныбжьэгъухэм. Ар тыншыкъым. Сэ школым нэхъыфІ дыдэу щысльагъуу щытащ адыгэбзэмрэ литературэмкІэ, тхыдэмкІэ кьыдат дерсхэр. ФІыщІэ хуэощі си егъэзэкІуэ Шэшэн Людмилэ.

Пэжщ, тхыдэр куэду зэхэдз. Нэхъ сфІэтелъыджэр ди адэжьхэм ятеучуахэрщ, Кавказым кьэкІуар кьызыхэщыжхэрщ. Адрей лъпкъхэм я щэнхабзэхэр яфІэхьэлэмэту ядж. Дэри диІащ кьежьапІэ, зыужьыпІэ. Араш ягъу кьыгтфІэ Іуэхуэпхъэр. А псом теухуауэ школ программэм зы дерси зэрыхэмытыр си жагъуэщ.

- Сэри сыт щыгъуи сфІэфІт тхыдэр, иджыри сыдехьэ, - кьэпещэ адэжІэ Ныр. - Хэт зэран кьысхуэхьэр, псальэм папщІэ, си лъэпкъым и блэкІам сриплъэжыну? Зыри. Тхыдэдж зэхуэмыдэхэм я епІыкІэхэм сыкІэльэпльтхьилкІэ, ИнтернеткІэ.

ГъуэзджэхэмкІэ Кавказ Ищхьэрэ кьэрал институтым сыщІэтІысхьэну сехьуапсэрт, - игу кьеГъэкІыж Мухьэмэд. - «Ар Іэщіагъэ пхуэхьунукъым - уи гъащІэр укъафэу епхьэкІыфинукъым», - жаІащ си адэанэм. Ди анэм дохутыр Іэщіагъэр фІэфІт, арэзы сщІын щхьэкІэ абы сыхуеджащ. СыщІегъуэжакъым. Абы ныбжьэгъу, цІыхугъэ кьыщыхуэхьуахэм ноби сапыщІащ. Адыгэм и хьэл-щэн ныбжьэхэщ Іуэху гуэрым гъунэгъу зыхуэсщІын зэрыхуейр зы-хьэсщІын зэрыхуейр си гуэ кьызиІуэкІырт. Кьафэм сыхьхьащ. Ныбжьэгъу Шэрджэс Мухьэмэд ящІэрыгъуэ зэрыгъуэгурыІуэ, Мурат и сабиигъуэм адэм кьыхуІуэтэжу щыта кьыбархэм я Іэужь кьызэрырымо и гупым, и гупым фІищащ «Адыгэ хьыбарыжьхэр», Мухьэмэд ейм и фІэщыгъэщІэщ «Адыгэхэмрэ абыхэм я щэнхабзэмрэ».

- Сайтым кьызолъхьэ адыгэхэм ятеухуа тхыгъэ, сурэт гъэщІэгъуэнхэр. ЩІалэгъуалэр абы зэрядихьэхыр нэрылъагъу ящІ сурэтхэм кьыкІэщІатхэхэм, - жеІэ Мухьэмэд.

Езыхэм хуэдэ щалэгъуалэм яхэту Мухьэмэдрэ Муратрэ адыгэ зэІуцІэхэм йокІуаІэ лъэпкъ фащэр екІуу ящыгъыу. Абыхэм яфІэгъэщІэгъуэнщ ди фащэм и кьежьэкІар, зэрызэхэлыр, мыкьэнэхэу кьиІуатэм теухуауэ щыІэ еплыкІэхэр.

- Ди лъэпкъ фащэр екІуу гъэщІэрэщІа пэтми, ар кьыщежьам дахагъэм темыщІыхьауэ, атІэ тиншу уриззэуэфын хуэдэу ядэу ящІауэ щытауэ кьызолытэ. Іуэху ирипщІэну тыншкъым. ПщІантІэм щыдэсым деж цейр кьыпемыльу, дэжьи хьуамэ, щэхэщу кьытралъхьэу щытагъэнущ, - кьыддогуашэ Мухьэмэд.

Мурат адыгэ фащэм нэхъыщхьэ дыдэу хэлъу кьилъытэр пІэрэщ:

- Пыльэр щхьэрымытІагъэу, фащэм и закъуэ пщыгъыныр кьекІуфхьын. Адыгэ ныпым и махуэр дгъэльапІэу кьалэм дыдэту, зы лІыжь дыкьынтэуваІэрэи, кьыддэхьуэхьуауэ щытащ пыІэр зэрэщІэхэрытым щхьэкІэ. Адыгэм и дежкІэ пыІэм мыхьэнэ ин дыдэ иІэщ. Егъэлеяуэ кьемыкІуу кьызолытэ иджыпсту хьэгъуэлІыгъуэхэм щауэм и пІэр кьыщхьэрамыныр «хабзэ» зэрращІр. АдыгэлІым и пІэр кьыззэрыщхьэрамычыр щхьэ кьагурымыІуэрэ? ЩыпІынэ Аслъэн и лэжьыгъэхэм кьызэрэхэщыжымкІэ, пасэм хабзэ щыІащ щауэм, унагъуэ мыхьэу щыкІэ, зэ ещхькІэрэуэку. Ещхьэрэуэныр пыІэ щхьэрычыным щыхуэкІуэр гурыІуэгъуэкъым.

- ХьэгъуэлІыгъуэхэм Іуэху мыхьэнэшІэ куэд хапщэ хьуащ иужьрей зэманым, - жеІэ Мухьэмэд. - Щыхур щыхъхьуакІуэ кІуаМ, ихьауэ хьуар кьекІуэлІа псоми Іэмал имыІэу щхьэ яригъэльагъун хуей? ХьэгъуэлІыгъуэ куэдым сыщІихьэлІащ апхуэдэ гуемыІу. НысащІэм текІэламэ, «Уэхьэхьей, уэтэтей! Камерэр зыІыгъыр кьевджкІэ, сурэттехыр кьевджэ, ныса щІэм и гуащэ-тхъэмадэр налкъутналмэскІэ тохьэ, гуащэ шыпхъур дыщэ сыхьэткІэ тохьэ!...», - жыпІэу щхьэ уиІеин хуей? Апхуэдизэ фэрыщІагъэ зыхэпльхьэ Іуэхур Іуплъэгъуей мэхьу.

Сыт лъэпкъым нэхъыщхьэу иджыри дэтщ. СощІэж, си адэ, ар зы кьудамэ щІыкІуу хэтсауэ зэрыщытар. Уэ кьэбгъэнащ хадэ дахэ, пхъэщхьэмыщхьэхэм нэмыщІ, удэ гъэгъахэмкІи кьулеИуэ. ИкъукІэ гугъу уеІхьу зэрыбгынтхуэ дыкъэпІэтащ. Быным я нэхъыщхьэ сэ махуибгъу сихьуу арат 1941 гъэм Хэку зауэшхэм ущраджам. УІэгъэ ухъуауэ абы укъыкІыжри, игъащІэ псокІэ пхэльащ ш ь къутахуэхэр. Уэращ дызыгъэсар ди щІынальэр фІыуэ тлъагъуу, уэращ дыкъэзыгъэтэджар кІыІуэ тхэльу, зэпІэззрыту.

СощІэж мэжащІалІагъэм дыкъебгъэлу жмых кІанэ кьытхуэпхьу зэрыщытар, ар сыту гуфІэгъуэшхуэт ди дежкІэ? Анхуэдизу дыбгъасэрт зыр зым дыкъыщыхьэщІыжу, дызэкъуэту. Лэжьыгъэм и яІэ дерсхэр етхуанэ классым сыщІэсу кьызэптауэ щытащ, мафІэгу вагонхэр щыдунэщІым щыгъуэ. Сыщыстудентам сыту хуабжьу сэбэп кьысхуэхьуа сэ ар!

Заводым и щІыхь пхъэгъум ильауэ щытэ уи гупсыс. Ныбэми сощІэж. ТкІийуэ, захуагъэм урителъхьэу, дэІэпыкъуэгъу нэсу уахуащтащ уи бригадэм хэта лэжьакІэхэмэ, уеблэмэ унафэщІхэмэ. Арматурщик Іэщіагъэм хуэІэзэ хъуатэ, республикэм щынэхъыфІхэм ухабжэрт. Дызыщымысхьыжу дылажьэу дебгъэсат, Іуэхур нэгъэсауэ зэфІдмыхьыуи кьытхуэбдэртэкъым.

Уи дежкІэ псэ хьэлэлыгъэмрэ щІыхуфІагъэмрэ зыщыхуэдгъасэрт, Ди унэ кьимэхэр уэ езым «Изобелла» жызымык ь хуэхэпщІыкІауэ ильэс Іэджэкіэ щыта шагъыриум ебгъафэрт, мамэ псынщІэу шхын кьытригъэувэрт. Абы нэхъыф нэхъ ІэфІу пщафІэрэ нэхъ пщэфІэн зыифІэфІрэ а Іэгъуэблагъэм кьибгъуэтэнтэкъым.

Нэхъыжьхэми нэхъыщІэхэми епсэлъэкІэ пщІэрт. Арат ди унэр щІэцІыху кІуапІэр, ди Іыхьлыхэми благъэхэми фІыуэ укъыщІалъагъур. Куба районым оперупломоченнэу ущыцыІа зэманым кьужьэхэр кьызэхэпкІуьхурэ фызабэхэм, си бынхэр зыифІкІуэда лІыжь-фызыжьхэм, сабий зеинщэхэм я мылькум тегъэуу жьакуэІэ налогыр (уеблэмэ иджыри мыІэрысэ кьызыпымыкІэ жыгъыщІэ цІыкІум уасэ хуагъазэрт) кьапхуеІыхьырэтэкъым. Арат сыІэжьэн щхьэкІэ сызыхуей псомкІи сыкъызэбгъэпащат. Сытым хуэдэу ущыгуфІыкІат дунейм уехьажьым куэд къэмынауэ пІэщІэслъхьа тхьыпІэ: лэжьыгъэхэмкІэ тепщэгъэщІарат. УщиякІуэ пэжри, чэнджэщэгъу Іущи, дэІэпыкъуэгъууи гъащІэ гъуэгу быркъуэшыркъуэм щызыІар уэращ, си адэ, сыпхуэарэзыщ.

Зэгуэрым уи адэ Али-Мырзэ, Амаршан абхъаз пщыхэм я щІэблэм, иІат шищэ зыхэт табыни, ар зэрыщыту колхозым ириратэ... Ар щІыжьыСІраращи, уи сабиигъуэр пхьат шыхэм уахэтуи, ахэр зыхэпльхьэ щІэтІэткъым. Хэт и адыгэ а псэущхьэ гъэщІэгъуэныр фІыуэ зымылъагъур?! Уэ ущууей тельыджэт, уи зэфІэкІри 1935 гъэм Москва и Ут Плъыжьым къыщыбгъэлъэгъуат. Уэ зыбгъэщІагъуэу аратэкъым - уи лІыгъэр Хэку зауэшхэм ипсыхьат.

Зауэм укъикІыжа иужь уи адэм и щІапІэжьу Куба дэтым щекІуэкІ гуфІэгъуэ зэхьыхьэхэм мамэ и гъусэу дахэу укъыщыбгъэфат. ПщІэнтэкъым уи лъакъуэмэ уи щхьэмэ шэ къутахуэхэр хэльу.

Мамэрэ уэрэ фи гупсысэкІи, фи Іуэху бгъэдахьэкІэжи, дунейтемыкІэ хабзэкІи фызэрызэщхьар арагъэнщ, ильэсих зэхуэку иІэми, зы махуэм - мазаем и 5-м - тІури дунейм фыщІекьжьар. 2001 гъэм и щІымахуэу Куба кьужьэкхъэм ущытшэжьым щыгъуэ сыкъызэрыпкІэпльхьи, слъэгъуащ псышхуэм хуэдэу цІыхухэр кьызэрыпкІэпльхьыуэр, шы гуарт-тэм ящхь машинэ бжыгъэншэхэр. Ар цІыхухэм кьыпхуаІэ лъагъуныгъэрт, ди адэ! А лъагъуныгъэр зэи кІуэдынукъым, нобэми ди гум ильщ. Икіи щым кьыстена уи бынхэмрэ Пащты лъэпкъымрэ кьабгъэдэкІыу, укъызэрапхуэрэ ильэсих 100 щрикъум ирихьэлІэу зэхэрышмкІэ дыплъэу бжыдоІэ: «ФыщІэшхуэ пхурощІ, ди адэ!».

Пащты зэщхьэгъусэхэу Суфэдинрэ Фатімэтрэ.

ФІыщІэ пхузощІ, си адэ!

● Тхыгъэщ Іэ

Урысей Федерацэм и цІыхубэ сурэтыщІ, Художествэхэмкі Урысей академием и академик, а Іуэхущ Іапі эм графикэмкі э и творческэ мастерскэм и унафэщІ, профессор, ди къэралым щыпсэу ксилографэмкІэ студиу Красноярск къыщызэІуэхэ Пащты Герман и тхылъыщІэ, «Спасибо тебе, отец!» фІищащэу дунейм къытехьащ.



СУРЭТЫЩЫМ и Іэдакъэщ Іэкі лэжьыгъэхэм я закъуэкъым тхылъэр зыгъэщІэращІэр, абы итщ Герман и адэ-анэмэ Пащты Суфэдинрэ Фатімэтрэ, и къуэшищымрэ и шыпхъумрэ, и къуэ Алимрэ ипхъу Лелэрэ, и къуэрылъу Артуррэ пхъурылъу Жан-Болтэрэ, и Іыхьлыхэм я сурэтхэр. Напэкіуэці 13 фІэкІа мыхъу лэжьыгъэ пІащІэ цІыкІум уегъэцІыху сурэтыщІым и унагъэр. НаІуэу уи нэгу кьыщІегъэувэ и гупсысэхэр. ЩІэщІагъэщ художникым ильэс бжыгъэкІэ гум щигъэфІа, и адэмрэ адэжь лъэхэмрэ ятеухуа гукъэкІыжхэр..

«ХудожествэхэмкІэ Урысей академием и кьудамэу Красноярск дэтым Матросовым и узрамым сытету сыщыкІуэ, Іуэхум и унагъэ ту, си гум кьредзэ, - щетх тхылъ цІыкІум Герман. - Совет Союзым и ЛІыхъжьым и щІэр зезыхьэ узрамыр Хэку зауэшхэм хэта Пащты Суфэдин и унагъуэшхуэм и кІэщІапІэт. Абы дыхьэ дэтхэнэри яфІэІэфІу нобэр кьызэдосым иофэ си адэм пщІанІ-тІэм дищІыкьыдэу щыта псычкууйм кьраш псым. «Изобелла» жызым ІэжьыгъуІэ мэ гуакІуэ кьызыпихыу иджыри дэтщ. СощІэж, си адэ, ар зы кьудамэ щІыкІуу хэтсауэ зэрыщытар. Уэ кьэбгъэнащ хадэ дахэ, пхъэщхьэмыщхьэхэм нэмыщІ, удэ гъэгъахэмкІи кьулеИуэ. ИкъукІэ гугъу уеІхьу зэрыбгынтхуэ дыкъэпІэтащ. Быным я нэхъыщхьэ сэ махуибгъу сихьуу арат 1941 гъэм Хэку зауэшхэм ущраджам. УІэгъэ ухъуауэ абы укъыкІыжри, игъащІэ псокІэ пхэльащ шэ къутахуэхэр. Уэращ дызыгъэсар ди щІынальэр фІыуэ тлъагъуу, уэращ дыкъэзыгъэтэджар кІыІуэ хэр кьэзыгъэпльагъуэ куэд яхэтщ. НэгъуэщІ зыми ту ельытапхъэщ: уІэбэ кьудеймэ, уи хьуэпсапІэр уи Іэрылъхьэу кьыщыпщыхьу ди зэманым кьыхэтэджыкІ ныбжьыщІэхэр ГъащІэ тыншым Іэрыпі ищІауэ фэ ятетщ, ари ущу кьемыуэн плъэкІыркъым. Интернетыр «уэрыф» бзаджэу зыпкърытхэм я гурыгъу-гурыщІэхэр, гукъеуэхэр кьахуэмыІуэтэ хуащ. Ныбжьыгъэу пэжым нэхърэ Интернетым щагъэныбжьэгъур куэдкІэ нэхъыфІу мэхъу. Сэбэпынагъыу иІэм хуэдитІкІэ зэран кьэзышэ Интернетым малъхъадисым хуэдэу зыщІишэ ди щІэблэм абы фІагъыу хэтъым фІэкІ кьыхамыхьиу едгъэсапхъэщ. Дэтхэнэ зыми жэуапльнынигъэ дохь кьыздэкІуэтей щІэблэм я гъэсэныгъэр, я дуней льагъукІэр уб ы хуэнымкІэ. Адыгэм ауэ жиІэкъым «жьым и кІэпэр щІэм и напэщ», нэхъыжьхэм куэдкІэ ельытащ кьэкІуэну щІэблэм и хьэл-щэныр, псэукІэр, гупсысэкІэр.

ЦІыХУМРЭ жыгымрэ зэзгъэпщэн сфІэфІщ. Гъатхэм гъагъэ кхъужьейм гулъ куэдыщэ щызэротІэпІыкІ, жыг кьудамэхэр уамыгъэтъагъэрэ жыг ягъэдахэу, гъэр кІуэхукІэ ущухьм, жьыбгъэм я зэранкІэ жьыгъэм пытыр нэхъ мащІэ мэхъу. Кхъужьырысэ цІыкІуэхэр кьыпыкІа нужькІи нныкьуэхэр хофыкІ, ныькъуэхэр хьэпІащІэм ныкъуэшх ящІ, и хьугъуэр щынэсым пхъэщхьэмыщхьэм и Іыхьэ щанэрщ жьыгым кьыпынэжьр. ЦІыхуу гъащІэрэ апхуэдэщ: гъэпкъ жьыгым щІэзрыгІэпІыкІ псоми ущІэгушхуэн цІыху кьыщыкьыркъым, ауэ я Іыхьэ щанэр кьыхэщІыкІауэ, зыр щэ я уасэу фІы хьумэ, ахэр пъэпкъым дамэ пъэщ хуэхъунущ. Нобэкіэ щІэблэр дахэ, губзыгъэ, гъэсэ дыдэриІэр щыпІагъукІэ, ащымыгуфІыкІын пльэкІыркъым. Пэжщ, Гъэогу пхэнжым техьа щІалэхэмрэ хьэджэбзхэмри диІэщ, ауэ фІымрэ Іейм рэщыщІымыІа зэман псэ зыІутым ящІэжрэ?

ЩОМАХУЭ Залинэ.

Пащты-Хъан Алим, Пащты Жаннэ, Пащты Герман, Пащты Лелэ. *2005 гъэ*


Алим и къуэ Артур. *2012 гъэ.*

Лелэ и къуэ Жан-Болэт. *2012 гъэ.*

ГУГЪУЭТ Зарем э.

Узэгугъур къогугъуж

Жыгым сыт и мыхьэнэ, ихъэшхъэмыщхъэ кьыпымыкІэмэ, лъэпкъым сыт и мыхьэнэ, щІэблэ кьыщІэмыхъуэмэ?!

Дунейр зейр зи щалэгъуэрщ. Зы лъэпкъми къэрадми къэкІуэну пІэкъым, и щІэблэм хуэфащэ гуэныгъэ хуимыщІэн, ар зрикІуэну «гъуэгур» хуимыгъэхьэзырмэ, ЯІагъуэм сщхьу ІэтІэльатІэ ныбжьыщІэм кьыпфІыІуэхуу уегугъэмэ, сытри кьыпхуэхущІыкІынущ.

СЫТ зэманри хуэдэу, ди нэхъыжьхъэм я хэтщ кьыдэкІуэтейм хуэмыдэрэзы. Абыхэм я зыщІыкІэм, псэлъэкІэм, дуней тетыкІэм хуохъуэщІ, ныжьыкъуэхэм нэхъ икІэ игъащІэм ямылъэгъуэу тхьэ щалІуэ. Махуэ кьэсэ зыжьынигъэщІэ зыгъуэт дунейм нобэ хэпщІыкІыу угъуэтыжьамэ, зыри хьыумыщІыкІыхъэу нэху укъекІынкІэ зыхуэІуа щІэжькъым. Дуней зыужьынытъэм и арахъуанэм ирихьа ныбжьыщІэр зыхьалъхуа зэманым декІун папщІэ, къару мымащІэ тригъэкІуэдэн хуей мэхъу. ГъащІэхэр зэпэ пичу кьыткІэлъэпІащІэ зэманым уденкІуэкІ кьудеикІэ зэфІэкІыркъым, абы уХэзэгъэн папщІэ пІэнкІыкъым. Ди щІэблэм деж уэри зыдэпщІын, хуей хьумэ, укІэльыщІэпхъуэнрэн Іэмал зимыІэщ - аращ иджыпей гъащІэм и хабзэр. А псом укъыдэхуэу укъызыхэкІа лъэпкъым ухуэфэщІынэр, гъэсэныгъэ пхэпльынэр, хабзэр зепхьэныр, адыгагъэм упылъыныр кІуэтэхукІэ нэхъ гугъу мэхъу. ГъащІэр ипэкІэ кІуатэ пэтми, зи щІалэгъуэм сыт щыгъуи щІэрыщІэу псэун щІидзэжьын хуейщ.

Иджырей щІэблэр сыт хуэдэ жьыпІэмэ, ар щІымахуэм щІэкІа мылыфым къыщІэрыуэ удзыщІэн, ар дунейм и псэр хэзымыгъэкІщ, гъащІэр зэпызымыгъэчъ лъэмыкщ. Зэман кьэс езым и щІэблэ епъкъэ, кьегъэтэдж. Ар гъащІэ хабзэщ. НэгъуэщІ зы хабзи иІэщ а гъащІэм - уи быным щыкІуэу хэпльхьэрщ балигъ гъащІэм гъуэмылэу щыгъэтыжынур.

Пэжым ухуеймэ, ди зэманым и щІэблэр зэмыфэгъэщ, лтыьифэ псори ядэпльагъуу. Медан кьэс ипэкІэ кІуатэ гъащІэм и щІэблэр нэхъ тэмакъкІэщІ, шыІэр зыхуримыкъу зэрыхъуам шэч хэтъкъым, ауэ абы дэщІыгъууи щІадзэгъуалэм гъащІэр нэхъ кууу зыхащІ, нэхъ гуІэгъуІыщ.

ГъащІэм епха Іуэхугъуэ зэхуэмыдэхэм хэпхъауэ хэт щІалэгъуалэр дэзымыхъэх кьэгъуэтыгъуейщ, жьыджэрагъкІи жьы ящІэтщ, жэрдэмщІакІуэхэр, кьэхутакІуэхэр, ухуакІуэхэр, гъуКІэхэр, псапащІэхэр дызэриІэм ущымыгуфІыкІынкІэ Іэмал иІэкъым. Зэман кьэс хабзэ щхьэхуэ щІэблэм нэрылъагу яІыгъщ. Ди насыщІ, укъызыхэкІа лъэпкъым уХуэфащэу зыкъэбгъэхьэгъэныр, абы и фІыр бгъэпъэпІэныр ди зэманым щытепщэ хабзэхэм ящыщ зыщ.

Уи щІэблэр кьэпщІыхуну ухуеймэ, гъэунэхуп Іэ утыку игъэхъэ. Кавказ Ищхьэрэм и щІалэгъуалэ зэхьхьэу иджыблагъэ Мэщыкъуэ щекІуэкІам КИФЩІ-м и щІынальэ зэхуэмыдэхэм я щІалэгъуалэ кьэкІфІхэр, акъылыфІэхэр, зэфІэкІ зыбгъэдэтъхэр зэхуэшэсащ. Абы щыхэхуэса ди щІэблэм гъэныкъуэкІэ укъелтымэ, ущымыгуфІыкІынкІэ Іэмал иІэтэкъым, кьару ПъэщІ кьыззэІэрыуэ ныбжьыщІэхэм я лъэпкъ хабзэ, дин, нэмыс, щэнхабзэ яхьумэжьыну зэрыхуІэкъуэр щыпІагъукІэ.

Я гупсысэкІэкІэ, дуней тетыкІэкІэ, гъащІэ ІьагъуКІэкІэ зэхуэмыдэ ныбжьыщІэхэр кьызэщІэзыкъуа зэхьыхьэм зэфІэкІ зиІэ щІалэгъуалэ куэд кьекІуэлІат. Іуэху епТыкІэ зырыз зиІэхэр зыгъэпсэфІейри зэтехуэрэкъым: хэт и щхьэ Іуэху зэригъэкІуэтэн, хэт къыщІалъхуа кьуажэ фІы гуэр зэрыхуищІэн, хэти сабий сымджэхэм зэрызащІигъэкъуэн Іэмал кьиІныхьуэрт. Дэтхэнэми зэкІыпІэм и нэхъыфІу кьыІныхьэу, акъыл зэхэдз ящІрэ зыр зым зэрызыщІигъэкъуэным яужь итт.

ЖьыпІэнуракъэ, иджырей щІэблэм зэфІэкІ зыбгъэдэдэ, гупсысэкІэ хъэгъэмэтэхэр, Іуэху епТыкІэ щІэщыгъуэхэр кьэзыгъэпльагъуэ куэд яхэтщ. НэгъуэщІ зыми ту ельытапхъэщ: уІэбэ кьудеймэ, уи хьуэпсапІэр уи Іэрылъхьэу кьыщыпщыхьу ди зэманым кьыхэтэджыкІ ныбжьыщІэхэр гъащІэ тыншым Іэрыпі ищІауэ фэ ятетщ, ари ущу кьемыуэн плъэкІыркъым. Сыщыстудентам сыту хуабжьу сэбэп кьысхуэхьуа сэ ар!

Заводым и щІыхь пхъэгъум ильауэ щытэ уи гупсыс. Ныбэми сощІэж. ТкІийуэ, захуагъэм урителъхьэу, дэІэпыкъуэгъу нэсу уахуащтащ уи бригадэм хэта лэжьакІэхэми, уеблэмэ унафэщІхэми. Арматурщик Іэщіагъэм хуэІэзэ хъуатэ, республикэм щынэхъыфІхэм ухабжэрт. Дызыщымысхьыжу дылажьэу дебгъэсат, Іуэхур нэгъэсауэ зэфІдмыхьыуи кьытхуэбдэртэкъым.

Уи дежкІэ псэ хьэлэлыгъэмрэ щІыхуфІагъэмрэ зыщыхуэдгъасэрт, Ди унэ кьимэхэр уэ езым «Изобелла» жызымык ь хуэхэпщІыкІауэ ильэс Іэджэкіэ щыта шагъыриум ебгъафэрт, мамэ псынщІэу шхын кьытригъэувэрт. Абы нэхъыф нэхъ ІэфІу пщафІэрэ нэхъ пщэфІэн зыифІэфІрэ а Іэгъуэблагъэм кьибгъуэтэнтэкъым.

Нэхъыжьхэми нэхъыщІэхэми епсэлъэкІэ пщІэрт. Арат ди унэр щІэцІыху кІуапІэр, ди Іыхьлыхэми благъэхэми фІыуэ укъыщІалъагъур. Куба районым оперупломоченнэу ущыцыІа зэманым кьужьэхэр кьызэхэпкІуьхурэ фызабэхэм, си бынхэр зыифІкІуэда лІыжь-фызыжьхэм, сабий зеинщэхэм я мылькум тегъэуу жьакуэІэ налогыр (уеблэмэ иджыри мыІэрысэ кьызыпымыкІэ жыгъыщІэ цІыкІум уасэ хуагъазэрт) кьапхуеІыхьырэтэкъым. Арат сыІэжьэн щхьэкІэ сызыхуей псомкІи сыкъызэбгъэпащат. Сытым хуэдэу ущыгуфІыкІат дунейм уехьажьым куэд къэмынауэ пІэщІэслъхьа тхьыпІэ: лэжьыгъэхэмкІэ тепщэгъэщІарат. УщиякІуэ пэжри, чэнджэщэгъу Іущи, дэІэпыкъуэгъууи гъащІэ гъуэгу быркъуэшыркъуэм щызыІар уэращ, си адэ, сыпхуэарэзыщ.

Зэгуэрым уи адэ Али-Мырзэ, Амаршан абхъаз пщыхэм я щІэблэм, иІат шищэ зыхэт табыни, ар зэрыщыту колхозым ириратэ... Ар щІыжьыСІраращи, уи сабиигъуэр пхьат шыхэм уахэтуи, ахэр зыхэпльхьэ щІэтІэткъым. Хэт и адыгэ а псэущхьэ гъэщІэгъуэныр фІыуэ зымылъагъур?! Уэ ущууей тельыджэт, уи зэфІэкІри 1935 гъэм Москва и Ут Плъыжьым къыщыбгъэлъэгъуат. Уэ зыбгъэщІагъуэу аратэкъым - уи лІыгъэр Хэку зауэшхэм ипсыхьат. ПщІэнтэкъым уи лъакъуэмэ уи щхьэмэ шэ къутахуэхэр хэльу.

Мамэрэ уэрэ фи гупсысэкІи, фи Іуэху бгъэдахьэкІэжи, дунейтемыкІэ хабзэкІи фызэрызэщхьар арагъэнщ, ильэсих зэхуэку иІэми, си махуэм - мазаем и 5-м - тІури дунейм фыщІекьжьар. 2001 гъэм и щІымахуэу Куба къужьэкхъэм ущытшэжьым щыгъуэ сыкъызэрыпкІэпльхьи, слъэгъуащ псышхуэм хуэдэу цІыхухэр кьызэрыпкІэпльхьыуэр, шы гуартэм ящхь машинэ бжыгъэншэхэр. Ар цІыхухэм кьыпхуаІэ лъагъуныгъэрт, ди адэ! А лъагъуныгъэр зэи кІуэдынукъым, нобэми ди гум ильщ. Икіи щым кьыстена уи бынхэмрэ Пащты лъэпкъымрэ кьабгъэдэкІыу, укъызэрапхуэрэ ильэсих 100 щрикъум ирихьэлІэу зэхэрышмкІэ дыплъэу бжыдоІэ: «Фыщ Іэшхуэ пхурощІ, ди адэ!».

Лелэ и къуэ Жан-Болэт. *2012 гъэ.*

Дэзыхьэх Іуэхугъуэхэм ельытауэ

«Нэхъ узыкуэщэрыуэр къыхэпхыныр ехьуІэныгъэм и лъабжьэщ-2013» къыхуедженыгъэм щІэту ирагъэкІуэкІ Іуэхуэм хэту Налшык къалэ щыхуэхэр ІэнатІэкІэ къыщІэпащэныныкІэ и центрым и лэжьакІуэхэр «Кавказ» санаторэм зыщцІэзгъэпсэхуэхэм епсэльащ. НыбжьыщІэхэм гурагъэІуащ я къэкІуэнур зыхуэздэнур Іэщ Іагъэ яхуэхъунум куэдкІэ ельытауэ зэрыщытынур.

Санаторэм зыщцІэзгъэпсэху, ильэс 14-15-м ит ныбжьыщІэхэм дзэныхэх Іуэхугъуэхэмрэ я зэфІэкІхэмрэ ельытауэ Іэщ Іагъэ нэхъ зыхэззгъэнур кьахуэту компьютер тестхэр ирагъэщІащ.

Іуэхугъуэ щхьэпэм хэтащ ныбжьыщІэ 49-рэ, абыхэм ящыщу 36-м компьютер тестхэм зделэжьым зэхагъэкІащ нэхъ дзэныхэх икіи я зэфІэкІхэр кьыщцІэзыкъуэхьифыну Іэщ Іагъэхэр зыхуэдэр.

ТХЬЭХУЩІНЭ Ланэ.

НэхъыкІэж мэхъу

● Футбол

Урысей Федерацэм футболымкІэ и япэ дивизионым щекІуэкІ зэхьэзэхуэм ипкъ иткІэ, «Спартак-Налшыкыр» ныщхьэхэІум и 28-м Оренбург щыдэкІуэри, щыпІэ «Газовик»-м 4:0-у къыхигъэщІащ. Иджы ди щІалэхэм турнир таблицэм щаІыгъ увыпІэр зэхуаІуэ, ахуаІуэ икІи командэ кьыкІэрыпхуэхэм «лъэ быдэкІэ» яхуащ.

ХЬЭТАУ Исльам.

Зыгъэпсэхугъуэ махуэм

Малъхъэдис

Ахъшэм и уасэр егъэунэху

● Гъэщ1эгъуэнщ

1996 гъэм накъыгъэм и 1-м Дортмунд щыщ, илъэс 54-рэ зи ныбжь бзыльхугъэм и мылькур игуэшри, унэм кьыщІэкІащ фэильхьэгъэ зыбжанэрэ сурэт зытІурэ зыдэлъ шумэданыр ныгъыу.

ЕгъэджІыуэ, психотерапевтэ Швермер Хайдемари ахъшэм и уасэр зригъащІэу, Европэр кьыІэзэхеІухь. Мылькуи уни зимиІэ бзыльхугъэр кьалэхэм, къэралхэм кьыщыІэтоувэ, тхыльхэр итхэу, лекцхэм кьеджэу, и дуней тетыкІэм яхутепсэльыхьу. Псэун папщІэ зыхуейхэм хузэфІэкІ лэжьыгъэкІэ пщІэ щІиту аращ Хайдемари: фэтэр пІальэкІэ кьеэзытым унагъуэм илъ Іуэхумкіэ доІэпыкъу, и шхыным щхьэкІэ тыкуэныщхуэхэм сабэ щелъэщ, и щхьэ хущІэзыщэхэм я хьэр жьы кьабзэм кьыщрешэжі... И псэукІэм теухуа лекцэ кьеджэну Европэ университетхэм е жылагъуэ зэгухьэныгъэ гуэрхэм щрагъэблагъэм и деж, гъуэгум и билетхэр зыщІыгъу егъэблагъэ тхыльхэр кьыхурагъэхь.

Мазэ кьэс пенсэу евро 800 кьеэхь Хайдемари, ауэ ахэр езым нэхьрэ абы нэхъ хуэныкъуэ и цІыхугъэхэмрэ имыщІыхьхэхэмрэ яхуегуэш. И япэ тхылъым кьыпэкІуа гонорарри тхьэмыщкІэхэм яхунгушэуэ щытащ. ЗэрымыщІэкІэ зыгуэр кьэхьу хьужькъуэрэ, хуей хьумэ, евро 200 ирэтІылъуэ и шумэданым дэлъщ, ауэ Хайдемари зэрыжиІэмкІэ, абы зэи еІуаскъым, хуей хьуакъым.

Абы и дуней тетыкІэм тетхыхьыну хуэзэу щыта журналист Лахат Итай жиІэжащ бзыльхугъэм и теплъэкІэ унэнщэуи ахъшэнщэуи хуумыгъэфэщэну. Ар цыхубз зэщІэжьауэ, узынщэ, зыкІэлъоплъыж, гуфІэр и нэгум кьрех. Ар зыми щыщынэркъым, зыми игъэпІейткъым. И ныбжькІэр нэхъ хэкІуатэмэ, и Іуэху зэрыхъунум журналистыр щыщІэупщІэм, бзыльхугъэм жиІащ фІыуэ кьэзылъагъу, и дуней тетыкІэм пщІэ хуэзыщІ бынитІ зэрилэр. И бынэм зрашэлІэжкъэ, унагъуэ Іуэхукіэ ядэлэпкьуу псэунущ.

Апхуэдэ псэукІэм и мыхьэнэр сыт? Хайдемари жиІащ сыт щыгъуи зы Іуэхугъуэм игъэпІейтейуэ зэрыщытар: иджыпрей дунейм ахъшэм щиубыда увыпІэмрэ хьугъуэфІыгъуэ псори абыкІэ зэрыщІэлъытэрэр... Сыт цІыхум и пщІэмрэ езы гъащІэмрэ уасэ щыхуагъэувыр? Бзыльхугъэм фІыуэ кьыгуроІуэ ахъшэм и мыхьэнэри, абы зэфІигъэкІэрэри, ауэ...

Хайдемари щыхьэт тохъуэ ахъшэнэщэ пІальэкІэ псэу цІыхум и гупсысэкІэм зэрызихъуэжьым, мылькур нэрыгъ зыхуэхъуахэмрэ абы итхьэкъуахэмрэ а уэ бзаджэм пэІэщІэ зэрищІым.

ШЫПШ Даянэ.

2008 гъэм дунейм ехыжа драматург, тхакІуэ, усакІуэ, сурэтыщІ, цІыху телъыджэ ІутІыж Борис щІыпІэ дахэкъэр зыпищІ щыІэтэкъым. Мы сурэтыр абы щытрахащ Гуэл щхьэантІэхэм. Борис зыбгъэдэт псыкьелъэ цІыкІум, ди къуршхэм, бгыхэм, мэзхэм я бегъэкъэмрэ дахагъэмрэщ адыгэ лъэпкъым и набдзэ зыхуэжьпІэкІэ ущымыуэну цІыху ГуэрэзджэмІ и гуащІэр зэпльыт хьунур.

Сурэтыр тезыхар **ЖУРТ Хьэсэнщ.**

Кадыров Ахъмэт-Хьэжы и цІэр зэрихьэу Грозный къалэм дэт «Шэшэным игу» мэжджытыр куэдми кьыІэзэрыхуми, кьакІэлъокІуэ Богородицк щыІэ музей-заповедникыр, цІыху щыддаІыгъынум!», - щитхащ Кадыров Рамзан Инстагрململ ит и аккаунтым.

Ауэ зэпеуэр зэрекІуэкІа иужьрей жэщ-махуэм зэхьукІыныгъэхэр кьихьащ - Коломнэ кьалэм и кремлыр япэ ищащ. ЕтІуанэу щытщ «Шэшэным игу» мэжджытыр.

А тІум зыкъомкІэ кьакІэрыхуми, кьакІэлъокІуэ Богородицк щыІэ музей-заповедникыр, цІыху 665.911-м Іэ зыхуаІэтар.

Зэпеуэр иуха нэужь, бжьыпІэр зыубыд щІыпІэ нэхъ дахэу 10-м я теплъэхэр щащІынущ Москва областым щыщауху «Урысей» паркым».

А щІыпІэ дахэхэм я теплъэхэм УФ-м мыхьэнэ ин щаІэнущ. Ар сэбэп хьунущ къэралыгъуэІ, дунейпсо туризмэм зегъэужьынымкІэ.

МЫРЗЭКЪАН Дисэ.

● Урысей-10

«Шэшэным игу» мэжджытыр етІуанэщ

● Гупсысэр - псалъэкІэ

Къэгъаэз зимыІэ

Щысабийм щыщІэдзауэ и щІалэгъуэр кІуэху, кьыпэплъэ гъащІэм цІыхум и гугъэр епхауэ, къэкІуэнум щыгугъуу мэпсэу. ЖьыхуегъэзэкІ хъуамэ, кьыхуэнэжьр зыщ: «КъэзгъэщІам фІырэ гуапагъэу сыт хуэдиз щызІэкъва?» - ЩІедэз гъащІэм егупсысын.

МыкІасэІуэу пІэрэ? Абы щыгъуэ хуэгъэзэкІуэжьрокьым щыхуэзфІэкІым щыгъуэгъуэ ІэщІэкІар.

Уи щхьэр лъапІэ щыхъунур

ЦІыхур къэувынщи, нэгъуэщІ зыгуэрым тепсэлъхьыху щІидзэнщ, абы нэхърэ нэхъ нэпсей, нэхъ кьуэгъун щымыІэу жиІэу. Абы жьхуиІам ухуэзамэ, абыи кьыпхуиуфынщ, япэу кьопсэлъхуэ щытам езым кьыхуэжиІауэ щытар хужиІэжу. Езы тІур зэхуэзамэ, «зэхуэзарэзыщ», я псэр зы чысэ илъ хуэдэ. ЦІыхум унгу хуилъыр езым жумыІэу, и щІыбагькІэ ухуэпсэльэныр зэрыпкІагъэр ягу кьэкІыркъым апхуэдэхэм. Делагъэщ нэгъуэщІым ухуэпсалъэкІэрэ уи щхьэр бгъэлъэпІэныр. ЛъапІэ ухъуну абыкІэ? Уи дагъуэри щІэжьи хуейщ, уи щхьэ хуумыгъэфащэми. ИтІанэщ уи щхьэр лъапІэ щыхьунур.

НЭХУЩ Хьэжпагуэ.

● Шхыныгъуэхэр

Лэпс зэщІэт, джэдыл, кІэртІоф, пхъы хэлъу

Іыхьэурэ зэпкъраха джэдыр ятхьэщ, шыуаным ираптхьэ, псы щІыІэ щІакІэрэ, пэщхьэкум трагъуэвэ. МафІэ иным тету зэ кьытрагъэкъуалъэ, тхъурымбэр къытрахыурэ. Адэкіэ мафІэр щабэ ящ, шыуаныщхьэр трапІэжри ныкъуэвэфІ хьуху ягъавэ, тхъурымбэр зэзэмызэ кьытрахыурэ. ИтІанэ абы халъхьэ зэпэплІимэ цІыкІуурэ упщІэта кІэртІоф. Шыуаныщхьэр трапІэ, мафІэр щабэ ящри ягъавэ дакъикьитху-икІэ. Абы халъхьэ зэпэплІимэ цІыкІуурэ упщІэта пхъы. Шыуаныщхьэр трапІэжри, мафІэ щабэм тету, ягъавэ дакъикьитху-хыкІэ, итІанэ халъхьэ щимэ цІыкІуурэ упщІэта бжьыныщхьэ. Шыуаныщхьэр трапІэжри, хьэшыр хьуху ягъавэ. Шыуаныр мафІэм кьытрахьжри пэшхьэкубгъум трагъуэвэ. Джэдыл вар лэпсым кьыхахри тепщэчым ираптхьэ, абы бжьыныху шыпс тракІэри, пщтыру яшх. ПІастэ дашх. Абы иужькІэ хьэнтхъупс пщтырыр трафыхьыж, щІакхъуэ е пІастэ, хьэпІамэ, чыржын дашхыурэ.

Халъхьэхэр *(цІыхунтІ Іыхьэ):*

Джэдылу - грамм 400
Псыуэ - грамм 1300-рэ
КІэртІоф укъэбзауэ - грамм 200
Пхъы укъэбзауэ - грамми 100
Бжьыныщхьэ укъэбзауэ - грамм 50
Бжьыныхуу - грамм 50
Шыгъуу, шыбжийуэ - узыхуейм хуэдиз.

КЪУБАТИЙ Борис.

Сурэтыр тезыхар **ЖУРТ Хьэсэнщ.**

Псалъэзэблэдз

ЕкІуэкІыу: **6.** Ильэс зытІум ит щыщІэ. **7.** Щыхубз ... хущанэ. **9.** Щы кьиуда. **10.** Кавказым щыщ льэпкьышхуэ. **11.** Фадэ гуащІэ. **12.** Щэкі кІапэльапэ. **15.** «УкъызыдэкІуэну псальэ зэрыпІтрэ цІыху ... кІуэхэри ди щІыгум кьаІэтэжащ» - Джэдгъэф Хьусен и псальэхэр зыщІэлъ, Уэтэр Анатолэ игъэзащІэ уэрэдым щыщщ. **16.** Нартыху гъэльигъуа хьэжьигъэ. **17.** Нартыху хьумапІэ. **19.** Щэщ. **20.** Вакъэдыж Іэмэпсымэ. **22.** Унагъуэ псэущхьэ ерыщ. **24.** Алыхьым и Іэмырым темыкІыу тет цІыху. **25.** Уху-ныгъэм кьыщІагъэсэбэп тКІуатКІуэ. **26.** Щхьэхуимыту яІыгъ цІыху. **27.** Бжьэхэм я фо зэхуэхьэсыпІэ. **28.** Сабий цІыкІунитІэм, псэльэн зэІэзэдзагъащІэм, лы ишхынымэ, « ... сыхуейщ» жиІэ хабзэщ. **31.** Пылым нэхьрэ 20 - 25-кІэ нэхъ хьэлъэ псэущхьэ. **33.** Уафэм кьех мыл тыкъыр щыкІу. **34.** Бдзэжьей зэрещэ. **36.** Зыщщышнэн имылъагъуэмэ, кхъуэр абы дэкІыу жаІэ. **38.** Теунэ Хьэчим и повесть. Е псэущхьэ пІащэ шынагъуэ. **40.** Гъатхэм ди щІыпІэм кьэлъэтэжк кьуалэбзу. **43.** Кьум щыІэжьым кьина нартхэм Сосрыкъуэ яхохьэри «мафэ уиІэ?» жиІэуэрэ йоупщІ Насрэн ЖьакІэ, Арыкъшу, Батэрэз, Ашэмэз, ... сымэ. **44.** А унэцІэр зэрахьэ: ди адыгэ театрым и джэгуакІуэшхуэу щыта, РСФСР-м и щыхуфэ артистым; Кьэбэрдей-Балъкъэрым щыхь зиІэ и артистым; Кьэбэрдей усакІуэм. **45.** Зеиншэ. **46.** ХьумпІэцІэдж Іуащхьэ. **47.** Адыгэ тхакІуэ цІэрыІуэ, усакІуэшхэ.

Кьехьу: **1.** Гупсысэ зиІэ, акъылыфІэ. **2.** Цыхуэзэтет, зэпІэзэрыт, щэн дахэ зыхэль. **3.** Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадзу щыта ... Кьасболэт. **4.** ХьэгъуэлІыгъуэр, нэгъуэщІ гуфІэгъуэр егъэдахэ а Іэмэпсымэм кьраГъэкІ макъамэм. **5.** Псым и кууупІэ. **6.** Адыгэ кьуажэщхэр. **8.** Гъавэм, хадэхэкІым зэран хуэхьу удз щхьэ гъужь. **13.** ... эманым зэрыкъэралу зэкьуэувэри, ди хэкур бий бзаджэм-фашистхэм кьрагъэлащ. **14.** Гъатхэр кьэсри дунейр ... кьэхьуащ. **18.** Мэлбахьуэ Тимборэ иужькІэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр обкомым и япэ секретару лэжьащ. **20.** Уэрэд дахэ куэдым макъамэ щІэзылъхьа Согуэ ... **21.** ЛъэныкъуитІыр Іуэхукіэ зэпызыщІэ. Е фІыуэ зэрылъагъуэм я ... **22.** Районым псыежэх. **23.** Уафэмрэ щІылъэмрэ я зэхуакур. **29.** Псы мыкуу. **30.** ... жьгъей. **32.** Ди лъэпкъэгъу, Урысей Федерацэм юстицэмкІэ и министру щыта. **35.** Хадэхэкі. **37.** ЦыхухьыцІэ. **39.** Сталин, Хрущев сымэ ядэлэжьа, Брежневым и зэманым КПСС-м и ЦК-м идеологиемкІэ и секретару щыта. **40.** Куэд зи фэ дэзыгъэхуэф цІыху. **41.** Пщэдейрей ... нэхъыр нобэрей бзу. **42.** КьэпцІыкІу.

Зэхэзыльхьар **МЫЗ Ахьмэдщ.**



Шыщхьэ зыІум и 24-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:

ЕкІуэкІыу: **5.** Ирихьа. **7.** Іужажэ. **9.** Без. **11.** Псым. **12.** Гъуэу. **14.** Кьум. **15.** Балэ. **16.** Адакъэ. **17.** Іуданэ. **18.** Нэкурэ. **19.** Жьуджалэ. **21.** Кумб. **23.** Щхьэгъуэ. **27.** Шэрэз. **28.** Жэнэт. **31.** ПІлабгъуэ. **32.** Бру. **33.** КІэрахьуэ. **36.** Анапэ. **39.** Кьулъшыкъу. **41.** Лъэпэд. **42.** Гупкіэ. **43.** Тху. **44.** Удж. **46.** Джабэ. **47.** Кхьулэ. **48.** Теунэ. **49.** Унэжэ.

Кьехьу: **1.** Трумэн. **2.** Тхьэгъу. **3.** Бжэм. **4.** Бжаблэ. **6.** Медан. **8.** Псыдыуэ. **10.** Елырыкъэш. **13.** Хуарэ. **14.** Кьуэпс. **20.** Лэрыгъу. **22.** Мысыр. **24.** Хьэнцэ. **25.** Бзу. **26.** Бжы. **29.** Планэпэ. **30.** Тхъурымбэ. **34.** Дэльху. **35.** Джэду. **37.** Пхъэхуей. **38.** Іупэлэ. **40.** Льэржажэ. **43.** Танэ. **45.** Джанэ.

● Фэ фщІэрэ?

Къэралхэм ику иту къыщахь улахуэр

(бжыгъэхэр долларкІэ къэхьащ)

къэралхэр	илъэсым	мазэм
Данием	49887	4157
Швециям	43685	3640
Бельгием	53047	4421
Нидерландхэм	55640	4637
Испаниэм	36162	3014
Франджым	42494	3541
Инджылыбым	52720	4393
Австриэм	48187	4016
Финляндиэм	44148	3679
Португалиэм	25341	2112
Италиэм	36563	3047
Ирландиэм	39042	3254
Германиэм	56058	4672
Исландиэм	42761	3563
Альджым	28846	2404
Швейцариэм	61048	5087
Люксембургым	54211	4518
Словениэм	26793	2233
Норвегиэм	55350	4613
Польшэм	20591	1716
Эстониэм	19866	1656
Словакиэм	18511	1543
Венгриэм	20875	1740
Чехиэм	21793	1816
США-м	47650	3971
Японие	48086	3841
Урысейм	10736	895

«Эхо планеты» журналым къитхьажащ.

Хыккъуэхэм цІэ яІэщ

● Псэущхьэхэр

Псэ зыІуту ЩІым щыпсэуэхэм ящыщу цІыхум нэмыщІ хыккъуэхэращ (дельфинхэращ) щІэкІэ зэджэжыр. Ар кьахутащ шотланд биологхэм.

Хыкхъуэхэм ягъэІу макъымкІэ зэрощІэ. Хым хэс гупхэм ящыщу зэрихьэлІар зэрыщІыхуу щытмэ, фийкІий макъышхуэ къоІу, ауэ зэрымыщІыхумэ, гу зылъамытэхха хуэдэу зэблосыкІ. ЩІэныгъэлІхэм къахутащ псым хэс а псэущхьэхэр щысымаджэм, щымэжалІэм, щыпІейтейм, щышынэм деж ягъэІу макъхэр зэрызэщхьэщыкІыр.

Биологхэр щыхьэт зэрытехъуэмкІэ, хыкхъуэхэм я «эпсэлъэкІэм» гъэщІэгъуэн куэд хэлъщ. Абы гу лъызыта шотланд биологхэм зрапщытащ хыкхъуэхэм я «бзэр» зрагъэщІэну. Тенджызхэс хыкхъуэхэм я макъхэр ирагъэтхри, езыхэм я нэІэ щІэтхэр ирагъэдэІуащ. КьызэрыщІэкІымкІэ, хыкхъуэхэм жэуап щатыжыр езыхэм я цІэр (зыми емыщхь фий макъ) щызэхахым и дежщ. Апхуэдэ дыдэуи мы псэущхьэхэр цІыхухэм фІащ цІэ лейм йосэри, щеджэкІэ къокІуалІэ. Унагъуэ псэущхьэхэм къащхьэщыкІыу, хыкхъуэхэм узэреджэ цІэр жаІэж.

Мы къэхутэныгъэр езыгъэкІуэкІхэм яз Яник Винсент жеІэ: «Хыкхъуэхэр цІэ зырызкІэ щІызэджэжыр здэбгъэзэну лъэныкъуэр зыкІи къыщыхэмыгъэщхьэхукІа хым хэсщи аращ, зэрыгурыІуэгъуэщи, ахэр гупу зэрыІыгъын хуейщ. Ахэр зэрыльагъуркъым, мэкІи зэрыщІэрэхым, абы къыхэкІкІэ, зэфІэмыкІуэдын щхьэкІэ, макъ ягъэІун хуей мэхъу».

КЪЭБАРТ Мирэ.

Редактор нэхьыщхьэ ХЬЭФЫЦІЭ Мухьэмэд

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР

Жылаэс Заурбэч (редактор нэхьыщхьэм и къуэдзэ), **ЖЬэкІымыхьу Маринэ** (редактор нэхьыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхьыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **Истэпан Залинэ, Къардэн Маритэ, НэщІэпыджэ Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, Щхьэщэмыщ Иэ.**

КъыдэзыгъэкІэжмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ къыдагъэкІ.

● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ●

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5, обгъуанэ-епщІанэ кьатхэр.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхьыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхьыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэныкъ Іуэхухэмкі - 42-22-86; кьуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ 42-57-59; щнхабзэмкІэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхьэмэ Іуэхущ1апІэхэм ядолжэхьымкІэ - 42-60-53; хьыбарыщІэхэмкІэ, спортымрэ письмохэмкІэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 47-32-15; зэдзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іуэхущ1апІэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм кьыщыхьа бжыгъэхэм, кьыщаІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкІэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху еплыкІэр зэтеуэу зэныту щыткъым.

Газетыр Іэ тезыдзаэм яхуэхьынщр и пщэ дэльщ КъБР-м федеральнэ пошт зэныщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10.

● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ●

Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м Печатым и хунтыныгъэр хьумэнымкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ Іуэхущ1апІэм №Н-0065-м щІэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокІ.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.

КъБР, Налшык къалэ, Ленинным и щІэкІэ щыІэ уэрам, 33, тел. 42-35-75.

Мы къыдэкІыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэхэу Дышэкі Соня, Къаншокъуэ Эллэ, редактор ЖЬэкІымыхьу Маринэ, корректорхэу ПхыгІыкІ Азэмэт, Мырзэкъан ФатІимэ, Афэ Тамар, Щоджэн Инэ. *Компьютер Іэ газетым и теплъэр зыщІар Дзэ Маринэ,* Ныр Саниэ, Мэзбахьуэ Анжелэ, *сурэтхэм елэжьар* Бицу Жанэщ.

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер ІэнатІэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ траддзи хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 4.813 ● Заказ №2228

синий красный желтый черный